


# CHIEDZA CHITSVUKU CHIRI

## KUVAIMA CHECHIRATIDZO

### CHEKUUYA KWAKE

 Maita henyu, Hama Neville. Ngatirambei takamira kwechinguvana kuti tinamate, tikotamisei misoro yedu. Baba vedu veKudenga, tinokupai rumbidzo nekuda kwezvose zvakaonekwa nemaziso edu nezvakanzwikwa nenzeve dzedu. Uye tinoKutendai, Ishe, nekuti nhasi tinoziva kuti ndiMi Jehovha Mwari vakuru vamwe chete vakagara varipo uye Mucharamba muripo.

<sup>2</sup> TinoKutendai nekuda kwaJesu Kristu Akaita kuti zvikwanisike kuti tigokwanisa kudzoka mukuyanana kuTsvene pamwe neMi zvakare, kubudikidza nekudeurwa kweRopa raKe risina mhosva, kuti kubudikidza ne—nekuyanana kweRopa iroro isu zvino tave vanakomana nevanasikana vaMwari. Hazvisati zvaonekwa zvatichava kumagumo, asi tinoziva kuti tichange takafanana naYe, nokuti tichaMuona sezvaAri. Uye, Baba, izvozvo zvakatotikwanira, chero bedzi takafanana naYe, takamira muchimiro chemufananidzo waKe.

<sup>3</sup> Uye zvino, Baba, hatidi kuti panguva ino tifanane nezvinhu zvemunyika, asi kuti tishandurwe nekuvandudzwa kwemweya wedu, neMweya Mutsvene, kuti Auye kuzatora hupenyu hwedu kuti huve mumaoko aKe iYe, uye azo—azotitungamirira nekutiratidza nzira pamazuva atasara nawo panyika, uye togokudza Zita raKe guru.

<sup>4</sup> TinoKutendai nekuda kwezvinhu zvose izvi. Uye netarisiro tinotarisisira kushanya kweNyu nesu manheru ano sezvo taungana muno zvino, uye tichitenda kuti Muchasangana nesu sezvaMakavimbisa. MuZita raJesu Kristu. Amenii.

Garai henyu pasi.

<sup>5</sup> Ndinotenda kuti aiva Dhavhidhi akati, “Ndakafara pavakati kwatiri, vakati kwandiri, ‘Ngatiendei muimba yaShe.’” Uye tinotenda zvikuru kuva pano manheru ano, uye ndinonzwa riri ropafadzo kuva nemukana uyu mukuru weku—kuva pano, ndichitaura nemi vanhu.

<sup>6</sup> Ndiri kugadzira matepi. Saka ndiri kungotarisa mukamuri kuti ndione kana hama dziri kugadzira matepi acho. Ya—yakabatidzwa zvino, matepi ari kutogadzirwa. Zvakanaka. Chinangwa chino cheizvi, ndechekuti, ndakavimbisa kutumira

Mharidzo kunze, ndaizouya, dzotepwa ipo pano patabhenakeri. Zvino tiri . . .

<sup>7</sup> Ndinoda kutaura chimwe chinhu nezvemangwanani ano. Nhasi, tichangoti darikei masikati, waro, patanga tava kupedza musangano wemangwanani, chimwe chinhu chaitika zvichida vamwe venyu manga musiri pano uye hamuna kunzwa nezvazvo. Ndanga ndichivhara shumiro, uye ndichitaura ndiri papuratifomu pano, ndakatarisa imwe hama yakamira pano vachikwazisana maoko nevanhu, vanonzi Hama Way, tinovadana kudaro pano. Mudzimai wavo mukoti akanaka ane magwaro okurapa.

<sup>8</sup> Uye Hama Way mumwe wevaranda vaMwari, uye vanoshandawo mune rimwe basa, asi vane kudanwa kuri pamoyo pavo, kwemakore, mumunda webasa rekuvhangeri. Vakanzwa kutungamirirwa kuti Mwari vavaunze pano uye vogomirira panzvimbo ino pano kusvikira vagamuchira dzimwezve rairo dzekuti vaenderere mberi mubasa iri. Mazuva mashoma apfuura, ndichitaura navo, uye ndichikurukura navo nemudzimai wavo.

<sup>9</sup> Zvino mangwanani ano, pandanga ndichireurura kuti ndine manzwiwo ekuzvichepesa, ndataurawo nezvaHama Way zvakare vaine manzwiwo ekuzvichepesa, izvo zvinova zvemazuva ese hazvo pakati pevanhu, uye pa—pakarepo mushure maizvozvo, Hama Way vabatwa nekukomoka kwemoyo ndokufa vakawira pasi. Zvino ndaona mudzimai wavo, uye ndacherechedza . . . Ndakambove paive nevanhu vakawanda vachifa, uye ini—ini handifanirwe ku—kutura izvi.

<sup>10</sup> Ndinofarira kuganza naJesu Kristu nesimba raKe. Asi panguva ino ndinofunga kuti hatifanirwe kumboedza kuganza naYe chero nenzira ipi zvayo pane chimwe chinhu chaasina iYe—iYe—iYe kuita. Asi ndakaona Jesu Kristu achimutsa vakafa, kakawanda, zvisingakundiye, vanachiremba vachiongorora kuti varatidze kuti ndizvo zvaitika.

Semuenzaniso, muConnecticut nguva pfupi yadarika, mumusangano, takagara mune imwe huru, yekare . . . imwe mhando yeodhitoriyamu yakakurumbira, paiva naChiremba Barton, chiremba weChikristu aive papuratifomu pamwe neni, chiremba wezvekurapa. Uye paiva nemumwe mudzimai weChikristu ane mukurumbira, aive mudzimai akanaka, mupfumi. Aive akagara kuruboshwe rwangu. Zvino ndakanga ndadanira mutsara wekunamatira vanhu, uye ndakacherechedza mudzimai uyu akangoti pakarepo . . .

<sup>11</sup> Chero ani zvake, moyo wavo uchinge wamira . . . Unogona kuvhara maziso ako, asi kana ukavhundutswa kusvika pakufa, moyo wako paunomira, chaizvo maziso ako anopinduka, uye chikamu chichena cheziso rako chinobuda kunze. Zvino ndakazvicherechedza paaiwira pasi. Uye nekukurumidza

vakadana chiremba wezvokurapa, zvino akamhanyira kwaari kuti aongorore kurova kwemoyo wake, akabva azunguza musoro wake, akaisa maoko ake pamudzimai uyu, nzeve yake pamoyo wake. Zvino akanga atoenda. Akawira pasi, nemwanasikana wake achiridza mhere, zvinova zvakakanganisa kufambira mberi kwemusanganano. Ndakaenderera mberi, nekuti ndakanga ndisina shoko raShe pamusoro pemudzimai uyu. Zvino ndakangoenderera mberi.

<sup>12</sup> Vakataura chimwe chinhu pamusoro pekutora Hama Branham. Zvino vakati, “Hatidi kuvadana vari mumutsara wekunamatira vanhu, nokuti vari pakunzvera zvakavanzika.” Ndokubva vati, “Torai Branham mudiki,” aiva Billy uyu. Zvino Billy, sezvo aive mudzimai akafa, aisada kuti . . .

<sup>13</sup> Munoziva, vanhu vanofungira zvinhu pamunhu akafa. Iro, iro—iro rinongova goko zvaro. Hamuna chirimo imomo. Apo, vanhu vanofunga zvisizvo. Izvo, munhu wacho haamo, ivo chaivo; vatoenda kare. Zvino saka aitya ku—kuenda kumudzimai uyu, nekuti akanga afa.

<sup>14</sup> Zvino pakarepo Mweya Mutsvene wakataura neni. Ndakatendeuka kubva panzvimbo iyoyo, ndikafamba ndichidzika masitepisi, ndikasvika paiva nemudzimai uyu. Zvino pandakatanga kuenda paakanga ari, Mweya Mutsvene wakataura neni; ndokubva ndati, “Mary!”

<sup>15</sup> Iye akati, “Hevoi, Hama Branham.” Akanga ari mupenyu. Uye—uye akanga asati ambotiona kumashure. Uye kaive kekutanga mumusanganano.

<sup>16</sup> Zvino kuShawano nguva shoma yapfuura, oo, ndingati, mune adarika, anenge, makore 4 apfuura, kana 5, ndaitaura humwe husiku kunzvimbo inochengeterwa zvombo. Zvino kwaiva neboka guru revanhu. Uye mumwe murume wechikuru aiva neanenge makore 80 okuberekwa, ndinofungidzira, nemudzimai wake akaisvonaka, vaive maLutherani pakutenda, vanoenda kuchechi yeLutherani huru ine mukurumbira ikoko. Ndakanganwa zita rayo zvino. Ndiyo ungoro huru yeLutherani muAmerica, pagungano rimwe chete, renhengo dzechechi. Uye inyika huru kwazvo yemaLutherani. Zvino pandaitaura, ndakacherechedza muchinda uyu, musoro uchidzokera kumashure *saizvozvo*; uye maoko ake akatambanuka, ndokukotamira mberi, atofa ari pachigaro. Zvino mudzimai wake akatanga kuridza mhere, zvino akadanidzira kuti, “Mumwe munhu ngaandibatsirewo! Mumwe munhu ngaandibatsirewo!”

<sup>17</sup> Zvino ndakatarisa. Ndikati, “Munhu wese rambai makagara pasi, nyararai.” Maona? Ndakamirira Ishe kuti vandipe shoko. Uye—uye ini . . . Satani . . . Ndakanga ndave kugadzirira kudaizva vanhu kuartari, zvino ndipo paanongoda kuzviratidza.

18 Saka makambocherechedza here paunotanga kudana vanhu kuartari, kunyange vana vadiki vanotanga kuridza mhere, nezvimwe zvakadaro? NdiSatani iyeye. Imi vemweya munonzwisisa.

19 Saka Ishe vakandipa zita rake, ndikamudaidza, zvino akadzoka kuhupenyu saizvozvo.

20 Zvino mangwanani ano pandanga ndava kutendeuka, munoono, zvino ndakaona, nguva zhinji, Ishe Jesu vachidzosa vakafa. Mwana mudiki kuMexico akafa nenguva dza 9 o'clock mangwanani iwayo, uye izvi zvaive pakati pa 10 na 11 husiku ihwohwo akadzoka kuhupenyu. Uye—uye ihwohwo humbowo hwechokwadi hune kupupura kwachiremba pamusoro pazvo, munoono, kuti mwana afira muhofisi yake na 9 o'clock mangwanani iwayo. Ndofunga aiva mabayo. Uye mwana wacho ari kurarama nhasi, sekuziva kwandinoita. Uye izvozvo zvaive pamberi, oo, ini zvangu, pezviuru 30, 40 zvevanhu.

21 Uye zvakare mangwanani ano ndaona Hama yedu Way, semagariro avakaita, vanga vakagara pano chaipo zvino. Asi pavange vakatogara zvavo imo *muno* pane imwe nzvimbo, vanga vakamira. Zvino tanga tichiimba, uye, “Girori, girori, hareruya,” zvino tichikwazisana maoko. Ndavacherechedza pazvavabata, musoro wavo ndokubva wadzokera kumashure. Ivo, Hama Way, havasi munhu anongofenda-fenda kana kuita saizvozvo. Uye, ivo, ndavaona vachidonha nemanhede. Zvino ndaona mudzimai wavo, uyo anova mukoti ane magwaro okurapa, achiongorora kurova kwemoyo wavo. Zvino abva aridza mhere; kwanga kusisipo.

22 Zvino—zvino zvadaro ndinotenda kuti ndiHanzvadzi Nash, mumwe mudzimai pano, imwe hanzvadzi yechitema inouya kuchechi, vamwe vavo vatanga kumhanyira mberi. Uye zvino ivo, Mai Way, varamba vachinditambanudzira ruoko kuti ndiuye kubva papuratifomu. Zvino ndati, “Munhu wese ngaanyarare, garai pazvigaro zvenyu.” Musambofa makavhundutswa munguva dzakadaro. Maona? Satani ndizvo zvaanoda kuita izvozvo. Ingomirai muone zvaVanotaura. Kana ari munhu ari kuenda kuKubwinya, zvinoka, tinofanirwa kuenda pane imwe nguva, hapana imwe nzvimbo iri nani kudarika muchechi, saka—saka zvino mumba maShe chaimo. Saka zvino . . .

Asi murume uyu anga achitotendeuka. Ndafunga kuti pamwe chimwe chinhu changa, vanga vafenda kana kuti chimwe chinhu changa chaitika kwavari, nenzira iyoyo. Asi pandatarisa, musoro wavo wakatendeuka nenzira *iyi*, ndichiona mukati, chikamu chepazasi chemaziso avo, chakabuda kunze. Haugone kuvhara, haugone kuisa maziso ako muchinhano ichocho; kumira kwemoyo ndiko kunoita izvozvo. Uye ndadarika *ichi*, uye ivo . . .Panga paine mumwe munhu, munhu ane mutsa,

anga aisa...chimwe chinhu chekuti musoro wavo utsamhire pachiri. Zvino hedzoka tsoka dzavo, maoko avo, nezvose, zvanga zvatooma. Wamira kushanda. Chiso chavo changa chasviba sejasi rangu, ruvara rwutema rwune hutsvuku, uye maziso avo adzokera shure. Uye ndinoziva kukomoka kwemoyo. Ndinoziva zvavanoita uye nekupinduka kwavanoita; chero mumwe munhu akambozviona. Saka ndaisa ruoko rwangu patsinga yavo, uye panga pasisina kurova kwemoyo zvachose sezvingori dhesiki iri. Pasina kana chinhu. Heuno mudzimai wavo, mukoti ane magwaro ekurapa, aongorora kurova kwemoyo wavo. Panga pasina kurova kwemoyo ipapo.

<sup>23</sup> Zvino, rimwe zuva pandakanga ndina Hama Way pakunzvera zvakavanzika mukati muno, ndakaona kuti vaiva nemoyo une ruzha pakupomba ropa, zvisinei. Saka zvino ndafunga kuti, “Ndizvo zvakonzera apa.” Saka ndaisa maoko angu pamusoro pavo. Ndikati, “Mwari vanodikanwa, ndinodana, muZita raJesu Kristu, mweya wehama yangu, hupenyu hwavo hudzoke zvakare.” Zvino Ishe Jehovha vanoziya, uye neBhaibheri ravo riri pamberi pangu, zvaita sekunge, pandaisa ruoko rwangu patsinga yavo...Uye ndichiziva kuti ndichazvipindurira neZuva reKutongwa kana zvisiri izvo. Uye zvanzwika sekunge moyo wavo warova ka 4 kana ka 5, nekukurumidza, kuti, pamu, pamu, pamu, pamu, pamu; ndokuzobva watanga, kuti, pamu, pamu, pamu, pamu.

<sup>24</sup> Zvino vanga vachiedza kuvhura muromo wavo kuti vataure chimwe chinhu kwandiri. Uye vachiedza kuita kuti muromo wavo, uye vachiita magwiriri, tingati, kuti vaedze kuzvitaure. Zvino vabuditsa mashoko ekuti, “Hama Branham.” Zvino zvaita sekuti vanga vari kuzokotsirazve kana chimwe chinhu, zvino ndamirira kwechinguvana zvakare, ndikaongorora kurova kwemoyo wavo zvakare; wanga uchirova semazuva ese. Uyezve zvakare ndatarisa, ndokubva vanditarisa. Uye vaita sekuti, ndaona, vanga vasina kugadzikana; havana kuziva kuti vari kupi, asi moyo wavo uchirova semazuva ese. Zvino Mwari vanga vadanira hupenyu hwavo kuti hudzoke kwavari zvakare.

<sup>25</sup> Saka ndi—ndinozvitaure izvozvo mukuremekedza Jesu Kristu, Anova iYe Mwari mumwe chete, wokuti apo... Mangwanani ano ndaparidza nguva yakareba, ndadarikira nguva yangu nekure, uye ndaneta nekurukutika. Uye panogona kunge paine zvinhu 2. Zvinogona kuti vaneta, kana kuti pandataura nezvekuva nemanzwiwo ekuzvichepesa, kwete kuti ndingo—ndingokanganisa hama yangu, sekutaura kwatinozviita, nekuti ndanga...ini ndanga ndichireurura kuva ndiine dambudziko rekuzvichepesa. Uye ndinofunga kana ndikabvunza manheru ano, muungano ino yevanhu, “Vangani vari muno vanoziya kuti vane manzwiwo ekuzvichepesa?” chaizvoizvo ruoko rweze rwunotosimuka. Kutu muzive, Hama Way, regai ndikuratidzei kana kuri kunzvera kana kuti kwete.

Vangani vanoziwa kuti une manzwiwo ekuzvichepesa, simudza ruoko rwako. Tarisai apo! Maona? Asi ini—ini handizive kana kuvhundutsa ikoko kwekutaura izvozvo kuna Hama Way, vazvitora sekuti ndingange ndiri kuvatsiura kana chimwe chinhu, zvino, kuti vawira muchinhano ichi, zvino Ishe Jesu ndokuvadzosa.

<sup>26</sup> Zvino ndi—ndiri...kufunga kuti Mwari vamwe chete vakamiririrwa naMutsvene Pauro mukuru mumazuva ake, kuti paakaparidza kwenguva yakareba humwe husiku, zvino mumwe murume akadonha uye hupenyu hwake hukabuda maari; uye Pauro, achienda pamusoro pemurume uyu, nyenasha dzaMwari, akati kuungano, “Hupenyu hwawe maari.” Ndi—ndinofunga kuti zvinotiratidza, kana kuti usati wambozviona kumashure, kuti Jesu Kristu ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.

<sup>27</sup> Uyezve zvinogona kunge zvanga zviriri izvi, zvokuti ndaedza kuzvifunga masikati ano. Kuti, ndanga ndimire pano, uye nemoyo wangu wese ndakuudzai Chokwadi chaicho, uye ndikakuudzai nezvekuzvichepesa kwangu, uye ndikareurura pachena, nekuti...zvino ndinokukumbirai kuti munamate kuti hunhu hwangu hwemukati hushandurwe kuvanhu, kuti ndikwanise kuita sezvakaitwa naShe. Uye nekusimbisa kuti iVo vachiri kuzonditumira kumunda wekuvhangera, Varega izvozvo zvichiitika kuratidza kuti Vachiri kupodza vanorwara, uh-huh, munoona, kumutsa vakafa. Uye ndinofunga kuti zvanga zvichingova zvichisimbisa zvandanga ndichiparidza nezvazvo, uye ndanga ndichipupura nezveHumambo hwaMwari. Uye izvozvo ndizvo zvakada kurerekera kune zvakachangobva kuudza Hama Roberson apo, uye neimwezve yehama. Zvino tinoVada nokuda kwaizvozvo.

<sup>28</sup> Uye tinotenda manheru ano kuti Hama Way vanesu manheru ano. Uye zvechokwadi Mwari havasati vapedza nehama yedu, kana kuti vangadai vaenda mangwanani ano. Pane chimwe chinhu chaHama Way chekuita. Uye ndinoda kuti muzive, Hama Way, kuti chechi ino yose, pamwe neni, tichange tichinamata kuti Mwari vakuratidzei hurongwa hwaVo wehupenyu hwenyu nemudzimai wenyu; uye, pazvinongoitika, vachakuisai imomo. Ndine chokwadi chekuti Vachazviita, Hama Way. Uye isu tose, seMakristu, tichatenda nekuda kwaHama Way. Ndizvo here, chechi? Uye tichanamata kuti ivo naHanzvadzi Way vawane nzvimbo yavo munaShe, yekushumira kwavo muhupenyu.

<sup>29</sup> Zvino, zvakare, ndanga ndichida kutaura naHama Way. Ndakasika kuuya kuti nditaure navo ndione kuti maonero avo akadii, kana kuti zvii zvaitika. Zvino ivo havatozive. Munoona, zvangodzima, uye vangodonha ndokutoenda. Ndizvo zvoga.

Hama Way vanga vachida uye vabvunza kana paine ani zvake muchivakwa muno ari kuenda zasi kuArkansas, Chipiri kana chero nguva yamunenge muchienda, ku—

kumusangano uyu. Zvino, iwo—iwo zvichida musangano mudiki chaizvo. Kusangana kwehama. Uye ndinofunga kuti uri mune imwe mhando yemumasango, kana chimwewo chinhu, kumusoro-soro. Uye zvichida kunogona kunge kusina vanhu vakawandisa, ndi—ndinofungidzira, pamusangano wacho, nokuti, chaizvoizvo, havatombosivi kuti ndiri kuuya, nazvino. Maona? Uye saka shamwari dzangu dziri ikoko, pamwe huchava husiku humwe kana 2 vasati vaziva, kunyange shamwari dzangu dziri muArkansas, dzinondiziva zasi ikoko, vachange varipo pamusangano. Asi kana paine ari kuenda, uye aine nzvimbo inotendera kuti mumwe munhu afambe navo, Hama Way vangafara kuzviita. Vati ndizivise kuti havazova mutoro kuvanhu, kuti vavachengete pavanenge variko, nokuti vanokwanisa kuzviita. Asi ivo, kana mumwe munhu ari kutoendawo, chaizova chiratidzo kwavari chekuti Mwari vari kuvada, kana kuti zviri mu—zviri mukuda kwaMwari kuti vaende zasi ikoko. Saka imi mose munoziva Hama Way, vakagara pano pakona. Uye kana paine anoda, ari kuenda zasi ikoko, uye aine nzvimbo yemumwezve wekufamba naye, vangafara kuzviita.

<sup>30</sup> Uyezve Svondo inotevera manheru, Ishe vachitendera, ndicha—ndichadzoka, kana kuti mangwanani eSvondo inotevera, waro. Uye—uye kana Hama Neville vaine Sunday school, uye kana yapera, ndinoda kugadzira imweze tepi kana ndikakwanisa. Uye kana ndisiri kukanganisa, ndinofunga kuti ndichataura nezvekuti *Ko Hupenyu Hwako... Hupenyu Hwako Hunokodzera Evhangeri Here?* Izvozvo, ndizvo, kana kuti, *Ko mudzimai Wako... Hupenyu Hunokodzera Evhangeri Here?* Ndizvo zvandiri kureva. *Hupenyu Hwako Hunokodzera Evhangeri Here?* Uye ndinoda kugadzira tepi pane izvozvo, kana Ishe vachitendera.

<sup>31</sup> Uye zvino, manheru ano, ndazivisa nhasi kuti ndanga ndiri kuzogadzira tepi yacho. Uye mufundisi, handifunge kuti vatomboparidza; vangondidana kuti ndiuye, uye kuti ndigotaura pano papuratifomu. Zvino, saka handizive... Zvino, kana vari kugadzira matepi, kana mukaita sekuneta kana chimwe chinhu, muchida kubuda kunze, ingovai makanyarara chaizvo, nekuti hati... Munoono, mamaikirofonu aya—aya anobata zvakanyanya, kwazvo, uye anonhonga karuzha kadiki. Uye tiri kugadzira, tichiedza kugadzira matepi aya kuitira shumiro yepasi rose.

<sup>32</sup> Uye manheru ano ndinoda kuzivisa chidzidzo changu se... mushure mekunge nda—ndaverenga Shoko raMwari, rinowanikwa muEvhangeri yaMutsvene Mateo, chitsauko 24. CheEvhangeri maringe naMutsvene Mateo, chitsauko 24, uye ngatitangirei zvino pavhesi 32 zvino tiverenge Gwaro.

*Zvino dzidzai mufananidzo uyu wemuonde; Kana davi rawo riri—richiri nyoro, uye rotungira mashizha,*

*munoziva kuti zhizha rava pedyo:*

*Saizvozvowo nemi, kana moona zvinhu zvose izvi, zivai kuti zvava pedyo, kunyangwe pamukova chaipo.*

*Zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Chizvarwa ichi hachingatongopfuuri, kusvikira zvinhu zvose izvi vzazadzikiswa.*

*Matenga nenyika zvichapfuura, asi mashoko angu haangatongopfuuri.*

*Asi kana riri zuva racho nenguva yacho hakuna anoziva, kwete, kunyange vatumwa vokudenga, asi Baba voga.*

*Asi sapamazuva aNoa, ndizvo zvazvichaitawo pakuuya kwoMwanakomana womunhu.*

<sup>33</sup> Zvino mukuverenga kwedu, tinoona manheru ano, tichiverenga, kuti chikamu chekutanga chechitsauko chino chinotaura kuti vadzidzi vakaMudana pavo voga pagomo, gomo, ndokuti kwaAri, “Ndechipi chichava chiratidzo chekuguma kwenyika? Ndechipi chichava chiratidzo cheKuuya kweNyu? Uye ndirinhi pachasvika nguva iyo pasiri kuzova nedombo rimwe pamusoro perimwe, patemberi?” Zvino Anoenderera mberi achipindura. Onai pano pavhesi 1.

*...Jesu akabuda, achibva patemberi: zvino vadzidzi vake vakauya kwaari...kuzomuratidza chivakwa chetemberi.*

*Zvino Jesu akati kwavari, Hamuoni zvinhu zvose izvi here? zvirokwazvo ndinoti kwamuri, Hakusi kuzova neibue richasara pano riri pamusoro perimwe, risingazowisirwi pasi.*

*Zvino mudzidzi wake...Zvino akati agara pagomo...(ndiregerereiwo)...akati agara pagomo reMiorivhi, vadzidzi vake vakauya kwaari vari voga, vakati, Tiudzei, kuti zvinhu izvi zvichagova rinhiko? uye chiratidzo chokuuya kwenyu, nechokuguma kwenyika chichava chipiko?*

<sup>34</sup> Munooona, vakabvunza mibvunzo 3, uye iYe anopindurawo mibvunzo 3. “Ndirinhi pachasvika nguva yekuti hapazovi nedombo richasara riri pamusoro perimwe? Chiratidzo cheKuuya kweNyu ndechipi? Uye ko chekuguma kwenyika?” Uye vazhinji, ndinotenda, kuti isu hama tinokanganisa nokuedza kuzviisa zvose paKuuya kwaKe. Asi Ari kupindura mibvunzo 3 yakasiyana yakabvunzwa kwaAri. “Sei paine nguva yekuti hapana rimwe rematombo aya richasara riri pane rimwe; izvi zvichaitika riinhi? Uye chii chichava chiratidzo cheKuuya kweNyu? Uye chii chichavapo kumagumo enyika?” Munooona, mibvunzo 3 yakasiyana. Zvino Anotanga kupindura mumwe, wezvenguva apo “matombo aizosara asiri pamusoro perimwe

nerimwe.” Uyezve mushure mekunge Apedza mubvunzo iwoyo, Anobva atanga, “chiratidzo cheKuuya kwaKe.” Uye obva azopinda mune, “kuguma kwenyika.”

<sup>35</sup> Zvino tinocherechedza pano chimwe chezvinhu chandinoda kutaura pamusoro pachu manheru ano, ndechokuti *Chi—Chiedza Chitsvuku Chiri Kuvaima Chechiratidzo CheKuuya KwaKe*. Uye tiri kuzogara manheru ano pamazuva aNoa, “Ndizvo zvazvichava pakuuya kweMwanakomana wemunhu.” Uye ini...izvi zvakandibata rimwe zuva, uye ndakafunga kuti pamwe ndaizoedza kuisa izvi patepi nekutaura pamusoro peizvozvi. Uye ndichinyora pasi Magwaro akati wandei pano andinoda kutaura nezvawo, zvichida, uye—uye ndoverenga, muchinguvana.

<sup>36</sup> Asi zvino Ishe wedu Jesu akabvunzwa mubvunzo uyu, uye Akavapa chiratidzo cheKuuya kwaKe. Uye pakarepo Akataura izvi, “Matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri.” Zvino ndokubva Ati, “Dzidzai mufananidzo wemuonde. Kana uchitungira matavi awo, munoziva kuti zhizha rava pedyo. Saka kana moona zvinhu izvi zvichiitika, kana kuti zvichiratidzwa, zivai kuti nguva yava pedyo. Uye chizvarwa ichi hachingatongopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi vzadzikiswa.” Chizvarwa chipi? Chizvarwa chiri kuona kutsauka kwatichataura nezvako manheru ano.

<sup>37</sup> Saka patinofunga nezvechidzidzo changu, sechiedza chitsvuku chiri kuvaima cheKuuya kwaKe, zvinondiyeuchidza nezvekumirira pachiteshi chechitima, kuti kana murume kana vanhu vakamirapo, sezvatakaita vazhinji vedu, patainge takamirira kukwira chitima. Uye hatikwanise kunzwa chitima, kana kuti hauchione, asi unoziva kuti nguva ya—yasvika. Pamwe anoona nezvemafambiro echitima anoti, “Chati nonokei zvi—zvishoma. Hachisi kusvika nenguva yacho chaiyo, asi hatizivi kuti papi chaiyo, asi chiri kusvika nenguva isipi.” Zvino tinofamba-famba hedu muchiteshi, nemaoko edu ari muhomwe dzedu, uye nekugara pamasutukesi edu, uye tobuda tonotenga pakiti renzungu, totaura ne...mumwe munhu ari mhiri kwemugwagwa. Asi kamwe-kamwe tinoona chimwe chinhu chichiitika. Pane ruzha rwunoitika kunze munjanji. Zvino patinodarwo, chiratidzo chinodzikiswa, uye chiedza chitsvuku chinotanga kuvaima. Chii ichocho? Chitima chiri pamabhuroko. Kunyange usingakwanise kuchinzwa, kunyange usingakwanise kuchiona, asi zvakadarwo chiedza chitsvuku ichocho chiri kuvaima nechiratidzo ichocho chadzikiswa zvinoratidza kuti chave kutopinda. Uyezve kana uchitarisira kuenda nechitima ichocho, itosva wakanda pakiti renzungu iroro pasi, mira kutaura kwako, simudza masutukesi ako, ugadzirire kana kuti uri kuzosara, nekuti chiri kungomira munzvimbo iyoyo kwenguva pfupi. Chinenge chatoenda. Kana uchakamira uchitaura, nemuvakidzani ari mhiri kwemugwagwa, uri

kuzosara.

<sup>38</sup> Ko zvikuru sei, zvino, patiri kuona chiratidzo chiri kuvaima chekuti Chave pamabhuroko! Chitima cheEvhangeri chakare chiri kuzopfuura, nenguva isipi. Uye patiri kunzvera manheru ano pachidzidzo ichi chikuru, chiratidzo chiri kuvaima, saIshe wedu akagara pagomo ndokuvaudza kuti zvinhu izvi zvaizoitika, “Sezvazvaiva mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava mukuuya kweMwanakomana wemunhu.”

<sup>39</sup> Zvino tinoda kudzokera kumashure, timbowana zvishoma zvekutaura, uye tione kana tingawana chimwe chinhu muzuva rino chakafanana nemazuva aNoa. Uye zvakare tinogona kuziva ipapo kuti tiri papi muzuva iro Ishe vedu vakataura nezvaro, tione kana tichigona kuwana chero chinhu chakafanana nemazuva aNoa. Kuti tidaro, ndinofunga kuti tinofanira kumbodzokera kuBhuku raGenesi, kumazuva aNoa. Uye kana mukavhura pamwe neni, kana mungadaro, muMagwaro, kudzokera kuna Genesi chitsauko 6, zvino ndiwo mazuva emafashamu, nemazvibatiro evanhu nemamiriro ezuva iroro, Genesi chitsauko 6. Zvino, tinoda kuverenga, toona toenzanisa zuva iroro nezuva rino. Cherechedzai.

*Zvino zvakaitika kuti, vanhu pavakatanga kuwanda panyika, . . .*

<sup>40</sup> Iro shoko racho rekutanga chairo rinotiratidza chiedza chiri kutonyatsovaima kuti zuva rava pedyo, nekuti hakuna kumbova nenguva munhorooondo yese yekuti pakambova nevanhu vakawanda chaizvo, uye vachikurumidza kuwanda chaizvo, sevatinavo nhasi, kusvikira zvakaoma kuwana nzvimbo yepekugara. Uye vanhu vazhinji kwazvo vachiwanda panyika, kusvikira sainzi inotaura, kuti, “Kana hukaramba huchiwedzera sezvawagara huri, mumakore 20 anouya hapazombova kana nechikafu panyika chevanhu.” *Reader’s Digest*, ndinotenda ndiyo, yakataura izvozvo, kuti, “Hapazombova kana nechikafu chevanhu, vari kuwanda nekukurumidza kwazvo.”

<sup>41</sup> Tinogona kutarisa kwese hako toona kuti nzvimbo dzaimbova sango rave guta, asi zvakadaro zvirongwa zvekudzivirira pamuviri zviru kutowedzera kuwanda kupfuura zvazvakambova. Ndinotenda kuti zvakataurwa nezveChicago. . . ndinovimba handizotauri zvisizvo manhamba aya. Asi chaizvo nyaya dzakanyoreswa, nyaya dzekubvisa pamuviri 30,000 mazuva 60 ega-ega, muChicago. Nyaya dzekubvisa pamuviri mazuva 60 ega-ega, dzakanyoreswa! Ko dzacho dzisina kumbonyoreswa? Munoono, muguta rimwe chete guru rine huwandu hwevanhu 4 miriyoni! Ko kuzoti pasi rose? Asi zvakadaro vanhu vakawanda zvikuru zvekuti havachakwanisi kubatsira. . .

<sup>42</sup> India, vari kuedza kuva. . . kupingaidza chizenga chemunhu wechirume, nekuvaita kuti vasava nembeu, kuti vana vasagone

kuberekwa, nekuti vari—vari kuwedzera zvakanyanyisa. Mune mamiriyoni 470, panguva ino, muIndia.

<sup>43</sup> Ko kuzoti kuChina, kune kuwedzera kwakanyanyisa, Russia nenyika dzakawanda dzepasi rose? “Vanhu pavakatanga kuwanda pachiso chenyika.” Maona? Zvino tiri kudzokera kunguva yekuparadzwa nemvura zhinji.

... uye *vachiberekerwa vanasikana*,

Zvino *vanakomana vaMwari vakaona vakunda vavanhu kuti vaive vakanaka*; zvino vakazvitorera madzimai... *vose vavakasarudza*.

Zvino *JEHOVHA akati, Mweya wangu haungarambi uchirwisana nemunhu nokusingaperi, zvaari wenyamawo hake: naizvozvo mazuva ake achava ma—makore 120*.

Zvino *kwakanga kuine hofori munyika mumazuva iwayo; napashurewo pawo... vanakomana vaMwari vakauya... kuvanasikana vavanhu, zvino vakavaberekerwa vana, vamwe chetevo vakava vanhu vane simba vekare... vakakurumbira*.

<sup>44</sup> Oo, chi—chidzidzo chakadini chatinacho pano! Maona? Zvino, chimwe chezvinhu zvekutanga zvandinoda kuti mucherechedze, kuti va—vanakomana vaMwari vakaona vanasikana vevanhu, kuti vaive vakanaka. Zvino handisi... Ndiri kunongedza izvi pasi rose. Asi hapana kumbobvira pava neimwe nguva panyika, sezvandinofunga, panguva iyoyo chete, pakwakambova neru—nerunako muhuwandu pakati pemadzimai.

<sup>45</sup> Uye munogona kurangarira, vamwe venyu imi madzimai echikuru, nevamwe venyu imi vanhu, varume, munogona kurangarira makore akapfuura, kuti zvaisawanzoitika kuti uwane mudzimai ane runako. Asi nhasi hapana mumwe waunowana kunze kweane runako. Imhaka yekuti vakasvika pekuti zvose izvi zvekugera vhudzi ravo, nekuzora pendi kumeso, ne—nemhando dzose dzehanzu dzinokwezva ruchiva nezvimwe. Vanogona kuzviratidza nenzira yakadaro. Uye zvakare, chimwe chinhu ndechekuti, chinongedzo chenguva chaidzoserwa kumashure, maringe neMagwaro. Uye madzimai vari kuramba vachiwedzera parunako.

<sup>46</sup> Ndinorangarira pandaiva kakomana kadiki kuchikoro, uye ndikatendeuka ndotarisa vana vadiki nhasi, vasikana vadiki vari kukura. Uye ndinogona kutarisa, ndofunga nezvematidzimai ndichiri jaya, ndotarisa vasikana nhasi. Ndinorangarira kuti paiva nemuwe musikana aiva nemukurumbira, uye hapasati padarika makore 25, musikana 1 aiva nemukurumbira, musikana ane runako, uye potse mukomana wese aida kufambidzana nemusikana uyu, nekuti ndiye aiva mambokadzi we—weboka rose. Zvichida muguta rose, munenge muine 2

kana 3 madzimai akadaro. Zvino chinhu chacho chose changova nerunako, vose zvavo. Ikoko kuzadzisa Magwaro, uye nechiedza chitsvuku chiri kuvaima kuti nguva yaswedera pedyo.

<sup>47</sup> Vakagadzira zvinhu zvakaita seripistiki ne—nependi yekumeso, zvekuti mudzimai asinganyatsotaridzike zvakana, anotogonawo kuzvipa runako nezvi—zvole zvinonatsurudza kumeso uye nezvi—zvinhu zvavanoita kuti vazvipe runako.

<sup>48</sup> Max Factor inoshanda masikati nehusiku, uye pane mari yakawanda inoshandiswa pane zvinozorwa kumeso, muAmerica, mugore rimwe chete, zvekupa runako kuvakadzi, kupfuura mari inoshandiswa muchitoro chemagirosari. Ndizvozvo chaizvo. Ndiri kukanganwa kuti mabhiri yoni manganani emadhora anoshandiswa gore rega-rega pane zvinozorwa kumeso, kupa runako kumadzimai edu.

<sup>49</sup> Zvino, handisi kutaura zvinopesana nazvo, ndiri kungokuratidzai kuti kupenya kwechiedza chitsvuku kuti nguva yaswedera pedyo. Nokuti Jesu akati, pachaKe, “Sezvazvaiva mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava pakuuuya kweMwanakomana wemunhu.” Munoono, zvimwe chete.

<sup>50</sup> Uye cherechedzai, “Vanhu pavakatanga kuwanda, vanhu vazhinji. Vanasikana vevanhu vaiva nerunako; uye vanakomana vaMwari vakavatarisa, vakazvitorera madzimai.” Zvino, uku hakusi kutaura kwangu ini. Ndiri kutozviverenga kubva muBhaibheri, Jesu paakati tidzokere kuna Genesi toenzanisa mazuva aya pamwe chete. Kuwanda kwevanhu, nerunako rwevakadzi, zvino ichocho chiratidzo chikuru.

<sup>51</sup> Zvino yambiro yacho, yambiro yaJehovha, vhesi 3.

*Zvino JEHOVHA akati, . . .*

<sup>52</sup> Pakarepo mushure mekunge izvi zvaitika . . . Rangarirai, Mweya Mutsvene ndiwo wakanyora Bhaibheri, uye Jesu akapihwa simba nehuzaro hweMweya Mutsvene. Uye Akangotaura bedzi neMweya Mutsvene. Uye Magwaro akanyorwa neMweya Mutsvene. Uye Iye wacho chaiye Akanyora Genesi 6, akatiudza muna Mateo 24, kuti tizive kana nguva yave pedyo, kuti tidzokere kuna Genesi 6 toenzanisa.

<sup>53</sup> Kuwanda kwevanhu panyika; asi zvisinei paine zvekudzivirira pamuviri, nezvimwe zvese zvinoitika, hazvitombokumisa. Kuri kungoenderera mberi zvakadaro, nekuti tiri munguva yekupedzisira.

<sup>54</sup> Uye zvino cherechedzai, pakarepo pakasvika nguva yarakati vakadzi vaive nerunako kwazvo, vari tsvarakadenga. Uye tinoongorora izvozvo neizvi uye togona kuzviratidza.

<sup>55</sup> Zvino, ndanga ndichitarisa mifananidzo yekare madzitateguru edu, pavakayambuka mapani. Ndiri kutadza kudoma zita re—remudzimai wacho, asi zita rake raizivikanwa kubva kuSan Francisco kusvika ku—kuBoston, semudzimai ane

runako kupfuura vose munyika. Pearl White, ndinotenda, ndiro raiva zita rake, kwemakore mazhinji akapfuura. Akauraiwa nechikomba chake, Scott Jackson. Uye kana uri wazoono mufananidzo wemudzimai uyu, wekuva mudzimai ane runako kudarika vose munyika, hawaitombomutarisa. Anototaridzika sechinhu chakudhara kunze uko mumugwagwa. Potse mudzimai wese waungawana chero nenzira yaunoda, anozova nerunako zvakaipetwa katatu kumudarika, chero mudzimai nhasi waungawana achingodzika hake nemugwagwa. Munoono, kuwedzera, runako rwevakadzi.

<sup>56</sup> Uye zvakare handizive kana vakadzi vedu vachizviva uye vachigona...Ndicho chikonzero ndichida kuti tepi ino iende, kuti—kuti hamufanirwe kuisa zvakadaro...Tinoda kuti mutaridzike zvakanaka, asi tinoda kuti muve semasikirwo amakaitwa. Hatidi kuti mutaridzike zvamusiri. Vamwe vevakadzi ava vane runako, ukanzi wavanyudza mutabhu kwechinguvana wovageza, vanogona kutaridzika zvakati siyanei zvisroma, uye—uye wovapfekedza sezvavanofanirwa kupfeka. Asi ivo—ivo—ivo havadaro, uye haugone kuvaudza zvimwe zvakasiyana. Uye tichasvika kwazviri mushure mechinguva. Asi ichi ndicho chi—chiedza chitsvuku chiri kuvaima.

<sup>57</sup> Uye rangarirai, vanhu pavakatanga kuwanda panyika, uye madzimai ndokutanga kuva nerunako, yaiva awa iyoyo, yaiva guva iyoyo, yekuti:

...JEHOVHA akati, *Mweya wangu haungarambi*  
uchirwisana nemunhu,...

Munoono kubata kwacho here? Munoono ruoko rwaMwari here? “Mweya waNgu!” Vanasikana vevanhu vakanga vaine runako; zvino ivo vakazvitorera madzimai. Zvino Vakati, zvino, “Mweya waNgu haungagari uchirwisana nemunhu. Ndichatara mazuva ake.”

Zvino vhesi 4:

*Zvino kwakanga kuine hofori panyika* mumazuva iwayo; *napashurewo, ...vanakomana vaMwari vakapinda...kvanasikana vevanhu,* kana kuti—kana kuti *vanasikana vevanhu,* uye *vakavaberekera vana kwa—kwavari,* zvino vamwe chetevo vakava *vanhu vane simba avo vaive vekare, ...vakakurumbira.*

<sup>58</sup> Macherechedza here kuti harina kumbotaura kana chinhu pamusoro pewanano? Cherechedzai, “Vanakomana vaMwari vakauya kuvanasikana vevanhu,” hapana nezvekuroorana. Uye kana ukatora muchiGiriki chepamavambo ipapo, zvinoreva izwi, rinoti, ndinazvo zvakanorwa pasi pano pane imwe nzvimbo, “mudzimai.” “Vakazvitorera *madzimai,*” muvhesi 3, “vakatora *madzimai* acho.” MuchiGiriki, ndaritarisa masikati ano, harina kuti, “Vakazvitorera *madzimai.*” Rakati, “Vakazvitorera *vakadzi,*” kwete madzimai. Zvino zvitarisei

nerenyu—nerenyu... the Emphatic Diaglott, uye muone kana izvozvo zvisiri chokwadi.

<sup>59</sup> “Vakazvitorera *vakadzi*,” kwete madzimai. Vakavatora sezvavaingova, vachingochaya mapoto, sevatinavo nhasi. Nemamwe mashoko, vaingova vanhu vanodanana muzuva iroro sezvavangori zvino. Vakaita nechero nzira zvayo yavaida, ndokutora chero mukadzi wavaigona kutora.

<sup>60</sup> “Zvino apo vanakomana vaMwari...” Zvino, vazhinji vavo vanoti pano dzaive Ngirozi dzakawa, nevamwe vakadaro, uye varume nevakadzi ivavo. Asi kuratidza kuti handizvo, handizvo zvachose, Bhaibheri haritaure chero papi zvapo pamusoro peNgirozi dziri varume kana madzimai. Uye, zvisineivo hazvo, hapana kana mu—mudzimai akambotaurwa nezvake sekuva Ngirozi, muBhaibheri, zvachose. Zvino kana muchida Gwaro razvo, Mateo 22:20, nemamwe akadaro, munogona kuzviwana.

<sup>61</sup> Zvino, manje, ndizvo, hakuna chinhu chakadaro sengirozi yechidzimai. Ndicho chikonzero chekuti muparidzi wechidzimai... *Ngirozi* “mutumwa.” Uye i—uye i... *Ngirozi* “mutumwa.” Uye hakuna zvakadaro. Asi, munoona, kuti vashanduka nhasi, sezvazvaiva kareko. Zvino, ndine zvimwe zvinyorwa zvenhoroondo zvakanyorwa pasi pano, zvatinoda kusvika kwazviri mumaminiti mashoma.

<sup>62</sup> Cherechedzai, madzimai ezuva iroro, mumazuva aNoa, vanofanira kunge vaive ivo nyaya yaingove pamuromo. Munoona, “vanakomana vaMwari,” vaSeti, vanakomana vaSeti, vakaona vanasikana vaKaini, kuti vaiva nerunako. Sei? Vaive vanhu vakaipa, uye vaive vanasikana vaKaini. “Vanakomana vaMwari pavakaona vanasikana vevanhu, vaive nerunako, vakazvitorera vakadzi. Zvino vanakomana vaMwari vakawa kubva pahunhu hwavo naMwari, ndokubva vava vanodzingirira vakadzi.” Uye kana usiri iwo mufananidzo wanhasi, handizive kuti chii. Ichokwadi.

<sup>63</sup> Varume! Kunyange tarisai machechi edu nhasi, tarisai zvose zvamunoda, zvicherechedzei. Kwese-kwese, zvaitaridzika muzuva iroro, kuti vaifanira kunge vaive madzimai ane runako. Varume vakava varanda kwavari, inodaro nhoroondo, kuti varume vakava nhapwa chaizvoizvo kumadzimai, nekuti vaive nerunako kwazvo, zvekuti vakava nhapwa. Vakatozadzira zvinamatwa, ndokunamata. Uye, chimbofungai, vaitonyatsonamata miviri neropa revanhukadzi muzuva iroro. Inhoroondo iyoyo.

<sup>64</sup> Uye enzanisai izvozvo nanhasi. Chinhu chimwe chete, hama yangu. Varume vanotonyatsonamata vakadzi. Handiti, munyika medu chaimo, Mai Kennedy vanofungwa nezvavo zvapaketwa kaviri, kupfuura zviru Purezidhendi. Ndizvozvo chaizvo. Uye kana ukagara uchitaura pamusoro pemumwe murume, kana aine mudzimai ane runako, ndizvozvo.

<sup>65</sup> Uye zvino vanotaura ivo pamusoro pekutyaira. Unonzwa vachiti madzimai ndivo vatyairi vasina njodzi kudarika vose. Handizvo, nekuti regai ndikuudzei kuti sei. Billy pamwe neni, tichiyambuka United States iyi, tine humbowo chaihwo, takaisa ka—kamepu mumotokari medu, kabhuku kadiki, ndokunyora kuti “murume” ne “mudzimai.” Uye pese paikanganiswa nemudzimai, taimaka kudivi rake; uye paikanganiswa nemurume, tomaka kudivi rake. Uye kubva pa 300, zvataidaidza kuti “bhuhhu,” anenge aitwa mumugwagwa imomo, waitoshamisika. Paiva nemadzimai 280, kuvarume 19. Asi munoziva chikonzero sei? Havazviwane izvozvo kumatare emhosva emapurisa. Mupurisa haazosunge musikana ane runako; mumwe chete kubva muchiuru. Mudzimai...mupurisa anongotora nhamba yake yefoni, asi haambomusunga. Uye ndizvo chaizvo zvazvi...Ndosaka mabhuku azvo asingazviratidze. Maona? Nokuti, varume nhasi vakaita sezvazvaiva mumazuva aNoa, vanogwadamira zvinamatwa zvemadzimai ane runako. Ndizvozvo. Oo, ini zvangu!

<sup>66</sup> Zvaifanira kunge zvakaipa chaizvo muzuva iroro, kunamata sezvavaiita, vanhukadzi, vachiisa miviri yavo pachena nenzira inokwezva meso. Uye kana vaizviita zviru nani panguva iyoyo, kudarika zvavari kuita iye zvino, ndinofara kuti handina kurarama panguva iyoyo. Pafungei, kuti ivo bedzi...kuti madzimai akaita zvimwe chete sezvavanoita zvino.

<sup>67</sup> Cherechedzai, Bhaibheri rakati, “Vakadya nekunwa.” Zvino, izvozvo—izvozvo zviru pamurawo. Chokwadi.

“Wanano inoremekedzwa.” Murume, murume kuroora mudzimai, zvinoremekedzwa, izvozvo zvakagadzwa naMwari. Asi kana zvasvika panguva yekuti murume anotora mudzimai wemumwe murume, kana kutora mumwe mudzimai wechidiki, kana mumwe mudzimai zvisinei nekuti ndiani, uye otyora mhiko yake yemuchato, uye oita chimwe chinhu chisina kunaka, chivi ichocho pamberi paMwari. Uye Bhaibheri rinotaura zvakaomarara chaizvo richipesana nazvo.

<sup>68</sup> Zvino cherechedzai, Rakataura kuti wanano, Mwari vakaitanga muEdheni, asi zvirokwazvo Vakapomera hupombwe. Zvino varume nemadzimai ava, muzuva iroro, vakadarikira mirawo yaMwari, ndokuzviisa pavari ivo uye vakangozviita, zvakadaro. Zvino, enzanisai izvozvo nanhasi uno. Zvitarisei. Kana uchida kuona chitima chiri mubhuroko, funga zvakadzama chaizvo pamusoro pazvo zvino, saJesu Kristu asingakundike akataura Mashoko aya. Maona?

<sup>69</sup> Uye cherechedzai, Bhaibheri rakati pano, “Vaidya nekunwa,” honguka, nemadzimai avo ane runako. Zvino, tinocherechedza kuti zvakanaka. Kudya nokunwa, ndiwo mumwe wemirairo yehupenyu hwepanyama. Tinofanirwa

kuzviita. Asi kana zviri izvo zvoga mupfungwa dzako, nhasi uno vanhu vanongova vane nhafu, zvidhakwa, vakadzi vanonwa doro mumarestorandi. Uye ukapinda munzvimbo iyo zvi-zvinwiwa zvakaiswa tudoro nezvinwiwa zvakasanganiswa nezvinodhaka zvinopihwa, vakadzi vanonwa kupfuura varume.

<sup>70</sup> Jesu akati, “Sezvazvaiva mumazuva aNoa, vaidya, nokunwa, nokuroodza.” Nemamwe mashoko, vaigara nevakadzi ava vasina kuroorana navo. Uye nhasi uno, handiti, zvatonyatsodzika midzi. Vaiva neReno, yekuti unogona kuroora, nekuramba nekuroora zvakare, zvose muzuva rimwe chete. Asi izvozvo zvava zvenguva yakare zvino. Va—varume, vezita, nemadzimai, vanotakura makiyi akasiyana-siyana kumakamuri ari mumaguta makuru aya. Zvino, ndinofamba. Ndi—ndiri mumaguta acho chaimo uye ndinoziva kuti ichokwadi, kuti murume ane vake vaanodanana navo, uye mudzimai ane vake vaanodanana navo. Oo, musanganiswa mukuru we—wekuora, kusvika zvakabuditsa boka re—rechizvarwa chakapfava, chine husimbe, chisina kunaka, chakananga gehena.

<sup>71</sup> Makore mashoma apfuura, tarisai kwakasvikwa nemunhu, mumutumbi wake. Tarisai kwaasvika, nezvinhu zvaakaita. Sainzi iri kuramba ichiedza kugadzira chikafu chiri nani, chibage chemasanganiswa, ne—nemadomasi emasanganiswa, nyama yemombe yemasanganiswa, apo zvinhu zvacho zvinenge zvisina kunaka zvachose. Zviri kuuraya vanhu, uye havazvicherechedze. Handiti, mumakore mashoma anotevera, vanenge vasisiri chimwe chinhu kunze kwekungova boka—boka rakaita semabota.

<sup>72</sup> Makore 50 akapfuura, mitambo yebhora yaingoita sezvavanoita zvino, uye hawaimbonzwa kunzi pane munhu akuvava, asi zvino inouraya dhazeni, kana maviri, pagore. Bhora rikarova munhu, iye, hapana chiri maari chinobata hupenyu hwake huri maari. Akangoita sembira. Ukamurova, akapfava kwazvo, zvekuti anenge atofa.

<sup>73</sup> Bob Fitzsimmons paakarwa naCorbett, ndinotenda kuti vakarwa maraundi 125, mamwe masikati, vasina magirovhosi. Apo varume ivavo nechibhakera chakadaro mumaoko avo vairova chibhakera chematsenganzungu, pamainji 4, uye vonyatsokanda chibhakera ichocho chematsenganzungu vasina chimwe chinhu kunze kwezvibhakera zvine mhoni. Vairara maoko avo ari muvhiniga, kuitira kuti zvibhakera zvavo zviomarare. Zvino ra—raundi rimwe rakanga risiri raundi diki remaminiti 2 kana 3 seatinawo nhasi. Vakanga vasina chinhu chakapfava chakasungirirwa pamagirovhosi avo, uye hapana aiurayiwa. Zvino vairwa. Raundi rimwe raipera patowisirwa munhu pasi. Waitofanirwa kuwisira munhu wacho pasi. Uye vakarwa ka 125 patowisirwa mumwe pasi. Vaive varume ava. Zvino nhasi vachatofanirwa kumisa humhizha hwebhokiseni, apo vaine chinhu chakapfava pamaoko avo nepazvibhakera

zvavo, havakwanise kurwa maraundi 2 kana 3 pasina munhu anourayiwa. Dambudziko nderei? Akagadzirwa nezvimatutu zve, handizivi, dhaga rakapfava, masanganiswa asina maturo, kusvikira chizvarwa chose chiri kufa.

<sup>74</sup> Bhaibheri harina here kutaura kudaro, kuti vaizowedzera kupera simba nekuwedzera kuchenjera? Manjeka, mune rumwe rudzi rwevanhu rwuchauya, vachararama nepiritisi chairo, vonwa piritsi kuve svusvuro yavo. Hachisi chinhu kunze kweboka revanhu vanoputa fodya, vanonwa hwiski, vanoita zvekunwa zvinodhaka, boka revanhu vembanje, vanozvibaya zvinodhaka. Vana vezera rekuyaruka muzvikoro, nemisikanzwa yevehidiki; ndokusaka, amai vake kunze uko mumugwagwa, vachiita maitiro avanoita, zvinoisa mwana wacho munyaya imwe cheteyo.

<sup>75</sup> Madzimai ane runako achiwedzera; hupenyu hwemagariro evanhu hwaparara. Oo, ini zvangu, chinhu chikuru chaizvo muzuva ratiri kurarama mariri! Maitiro avanoita izvi, hazvina-...votobudirira pazviri. Havasi kuzobudirira pazviri. Vari kuitei? Sezvakaita panguva iyoyo, vari kuita kuti Mirairo yaMwari ive chiseko. Mwari vakati, “Usaita hupombwe.” Asi vanoratidza kuti vanotogona kuzviita, uye voshaya chinovawana. Vanofunga kuti vari kuzobudirira pazviri, asi havasi kuzofa vakazviita. Pamwe hamaifanirwa kunge mauya, kuzonzwa zvinhu izvi. Huh? Zvisinei hazvo, Mwari vakati ino ndiyo yaizova nguva yekuti chiedza chitsvuku chichange chichivaima. Jesu akataura kudaro.

<sup>76</sup> Zvino chi—chivi chakadini chavari kuita, uye vachiseka kuchivi chacho! Kazhinji, icho, chinhu chaicho chinonzi neBhaibheri rino hachina hunhu, nyika nhasi inoti ndicho chakanaka. Pamunotoro vasikana vedu—vedu vechidiki, mokurura hembe dzavo kubva pavari, movaisa kunze uko vakapfeka zvikabudura zvidiki, vari mumidhebhe nezvinhu, movafambisa mumugwagwa, uye vofunga kuti zvine hunhu kuti musikana anogona kuratidza muviri wake wechidzimai. Iro, Bhaibheri richiti chivi, zvakashata! Asi nyika inoti chinhu chakanaka. Munoono, vari kuita Mirairo yaMwari...Uye chechi haina chainotaura nezvazvo. Yasvika nguva yekuti mumwe munhu agosimuka muzita rekururama, muZita raJesu Kristu, ogomisa zvinhu izvi, nokuti pane imwe nguva tiri kuzozvipindirira paZuva reKutongwa.

<sup>77</sup> Zvino, kana izvi zvichinzwika sezvechinyakare uye zvisina musoro, kune mumwe munhu, tarisai makore mashoma kumashure uye moonu zviri kuitika zvino, zvino mombofungidzira ramangwana. Hakuna ramangwana kunze kweKuuya kwaShe.

<sup>78</sup> Cherechedzai, tarisai vanhukadzi ava venguva yekuparadzwa nemvura nemafambiro ari kuita nhasi; tarisai

zvavaive. Tarisai zvakaitwa nevanakomana vaMwari; tarisai zvavanoita nhasi.

<sup>79</sup> Ndakanga ndigere pakonivhenisheni nguva pfupi yapfuura, zvino zvakatopotsa zvandigodora moyo, apo vese... Munhu wese airatidza kuti ari kutonakidzwa nezvaitaurwa nemumwe mufundisi, aive akamira papuratifomu. Zvino ndaive ndakagara hangu mukona. Zvino pakaita mumwe mudzimai we—wechidiki akapinda, zvino aive akapfeka zvakashata kwazvo. Zvino akauya achifamba nemucheche iyi, sezvinotaurwa neBhaibheri, achinyezuka paaifamba. Uye muparidzi wese papuratifomu, pamwe neungano, munhu wese achitendeudza musoro wake kutarisa, achitevera musikana uyu. Zvino ndakafunga nezveGwaro iri, “Vanakomana vaMwari vakatarisa pavanasikana vevanhu,” vatadzi, madzimai vasina humwari, vane runako. Oo, zvakaputsa macheche akawanda kuita zvidimbu. Zvakabvisa Mweya waMwari. Cherechedzai, “Vakatarisa pavanasikana vevanhu.”

<sup>80</sup> Zvino rangarirai, Jesu Kristu asingakundiki akareva kuti zvinhu izvi zvaizova nenzira iyi muzuva rino. Zvino Akati, “Pamunoona zvinhu izvi zvichiitika, zivai kuti nguva yava pamukova.” Zvino, hapana vanhu vazhinji vanogona kutaura izvozvo. Kune vaparidzi vazhinji vasingagoni kutaura izvozvo. Aigona, kana aida. Asi kana akadaro, ungoro yaizomubvisa panzvimbo. Ndicho chokwadi chaicho.

<sup>81</sup> Asi hechino chinhu chimwe chete. Kana munhu akadanwa naMwari, anogara neBhaibheri iroro, handina basa nezvaanofanirwa kuita. Munofanirwa kurangarira kuti Ichokwadi. Uye Chokwadi chinomungana kana kuti chinomunungura. Uye izvi ndizvo chaizvo zvakataurwa naJesu Kristu.

<sup>82</sup> “Vanakomana vaMwari vakawa nekuda kwezvimiro nezviso zvakanaka, zvevanasikana vevanhu.” Uye ndizvo chaizvo zvatinazvo nhasi, chinhu chimwe chete zvakare.

<sup>83</sup> Zvino, enzanisai zuva iroro. Kuwanda kwevanhu; madzimai vachiwedzera parunako; vanakomana vaMwari vachiwa; wanano nekuroodza; nyaya dzekurambana; kurarama muhupombwe; nezvimwe zvakadaro.

<sup>84</sup> “Handiti” unoti, “Hama Branham, chimbomirai zvisoma. Handizive.”

Teererai, hama, musati mataura chimwe chinhu, teererai kune izvi. Jesu Kristu akataura, kuti, “Ani naani anotarisa pamudzimai kuti amuchive, atoita hupombwe kare naye mumoyo make.” Zvino kana mukaona...Kana murume akabuda muhofisi make, akabuda mucheche, akabuda mumba make, opinda mumugwagwa, chii chaunoona kunze kwekuratidzwa, kumativi ese, kwemiviri neropa revanhukadzi, vane zvipeko zvinobata muviri, vane runako pachiso,

vanoyedzwa. Ndizvo zvakanzi naMwari zvaizoitika. Izvozvo pazvakaitika, zvino nguva yainge yava pamukova.

“Sezvazvaiva mumazuva aNoa, vanakomana vaMwari pavakaona vanasikana vevanhu, ndokutanga kuzvitorera vakadzi ivavo.” Maona? Hezvoka izvo.

<sup>85</sup> Zvino tarisai. Tinoona kuti, zvimwe chetezvo nhasi. Tinoona munhoroondo, kuti maitiro ekukwezva ruchiva avaiwa nawo mavari, kusvikira vanakomana vaMwari vakazviitira pachavo zvinamatwa zvevakadzi. Zvinova zvanaVenus, nezvimwe zvakadaro. Maona? Ivo, vakagadzira zvinamatwa, ndokuzvigwadamira. Zvino, unoti, “Hama Branham, hatina zvinhu zvakadaro nhasi. Hamaigona kuzvienzanisa nezuva rino.” Ruregerero ipapo. Ndinotenda kuti zvatowedzera kuipa nhasi kupfuura zvazvaiva kareko.

<sup>86</sup> Chii chatinoona? TV. Hautokwanise kana kutora bepanhau asi zvese zvaunoono zvakazara nevanhukadzi. Madzimai ane runako pose munoiswa hwiski, mumamagazini, vachikwezva ruchiva, vakapfeka zvisina hunhu. PaTV, mune zvole, ndemumwewo mudzimai akapfeka zvinokwezva ruchiva, mumwe mudzimai ane runako. Uye tinoona kuti pa—pakushambadzwa kwefodya, zvese zvaunogona kutarisa, unoono kuti ndemumwewo mudzimai ane runako. Hautokwanise kuona kushambadzwa kwemasokisi esiriki usina kuona imwe mhando yemakumbo matete, akaumbika achipinda maari. Uye ndizvozvo chaizvo. Asi chii ichocho? Sei zvakadaro?

<sup>87</sup> Ndinorangarira mumwe murume wandakashandira, Chris Meisner, kumusoro kuno pakona. Vazhinji venyu munorangarira Kris Meisner. Mudzimai wake, Lillian, zita rake ainzi Lily, ndofunga kudaro, wekwa Ellwanger. Uye paaka... Pane mumwe murume akauya. Aive musikana ane runako. Zvino murume uyu aida kuwana mvumo kubva kuna baba vemusikana, kuti aise chiso chake, pikicha yake, mufananidzo wake, pabhokisi rezvihwitsi. Zvino mutana muLuther wechiJerimani akatsika madziro, ndokuti, “Kundizvidza ikoko, kuisa pikicha yemwanasikana wangu pabhokisi rezvihwitsi, kuti ipararire nyenika yose.” Ko zvanhasi uno izvi? Apo, zvikwangwani zvokushambadzira, terevhizheni, zvinhu zvese zvaunoono, hunzenza, zvinyadzi, zvinokwezva ruchiva, zvinhu zvinoratidzika kusava nehumwari. Ndizvozvo. Chii ichocho? Chitima, chitima chekare—chekare chave mumabhuroko acho zvino. Bhaibheri rakataura kudaro, chiri kuzouya munguva pfupi iri kutevera. Tinonzwa ruzha rwacho.

<sup>88</sup> Tinotaura nezvezvimwe zvinhu pamusoro pachu, asi, rangarirai, uku ndekumwe kuvaima, kumwe kwekuvaima kuri kuvaima pamberi pedu nhasi. Oo, tinoona chimiro cheniyika; tinoona nyonganyonga mune zveematongerwo enyika; tinoona chinhanu chechechi. Tinoparidza pamusoro pezvose izvozvo. Asi

ichi ndechimwe chinhu chitsva. Chinhu chisinganyanyofarirwa kutaurwa nezvacho, asi chinofanirwa kuitwa, nekuti panofanira kunge paine inzwi rinodanidzira. Rangarirai, mashoko acho chaiwo andinotaura manheru ano achasangana neni mhiri uko paKutongwa. Maona?

<sup>89</sup> Pandakaona mudzimai uyu nguva shoma yapfuura, muchiratidzo chandakaraidzwa naShe, ndichimuona achifa. Uyo, handitombokwanisi kufunga nezvezita remudzimai iyeye, iye, Marilyn Monroe. Uye ndaive ndisati ndambomuona. Handiende kumabhaisikopo. Asi nda—nda—ndakanga ndaona musikana uyu, uye aive akanaka pakutaridzika. Zvino aiedza kuti asvikire chimwe chinhu; akanga ava kufa, akava nekukomoka kwemwoyo. Zvino Ishe vakati, “Zvino ita kuti, ‘Afa na 4 o’clock. Haana kuzviuraya.’” Akati, “Asi unogona kutaura kuti afa na 4 o’clock, nekuti kwanga kwangosara masekondi mashomanana kuti 4 o’clock ikwane.” Zvino ipapo ndakaona pavakamuwana. Zvino ndakaudza Billy, ndikaudza mhuri, avo vaiva neni, pamusoro pazvo. Zvino mazuva mashoma mushure mazvo, aiva Marilyn Monroe akafa.

<sup>90</sup> Zvino, pandaiva kuCanada rimwe zuva, vana vangu vairamba vachindiudza, kune imwe nzvimbo kwatakapiwa imba nemumwe mudzimai, maiva neterevhizheni. Zvino vakati, “Pari kuzova nemutambo, unonzi, The River Of No Return.” Ndirwo rwizi rwandinotaura marwuri, nguva dzose. Zvino Don Smith, shamwari yangu, anofamba nevanhu murwendo irworwo. Akati, “Vakagadzira firimu pamusoro parwo.” Ndokuti, “Baba, pamwe VaSmith vaye vari pachirongwa ichi. Mungada here kuriona?”

“Zvinoka,” ndakati, “pandinodzoka kubva kuCanada, kana ndikakwanisa kusvika nenguva, ndichariona.” Zvino, mutamba wacho pawakatanga, ndakaenda kunouona, ndakaenda kunouona. Zvino pandakadaro, ndiani akanga achiekita mauri kunze kwaMarilyn Monroe. Zvino, hoyoka uyo, mushure mekunge afa kwegore kana kupfuura, hapo paaiva akapfeka zvinokwezva ruchiva. Heroka inzwi rake ipapo, richiri kurira; uye richaramba richirira, kwemakore nemakore, patepi iyoyo yemagnetini. Kana tepi yemagnetini iyoyo yakabata maitiro ake, kana akakwanisa kutarisa kubva kwaari manheru ano... Ndinovimba kuti akaponeswa, asi handizive; zviri kuna Mwari. Asi kana akagona kutarisa kumashure, haagone kuzviramba. Haagone kuramba izvi, nekuti tinazvo. Ko zvikuru sei kuti Mwari vane mafambiro ese, chiito chose hacho, patepi yaVo huru yekumusoro-soro, iyo ichazo...Hatikwanise kubuda mairi. Inotovapo ipapo.

<sup>91</sup> Uye rangarirai, dai panga paine maikirofoni iri pano chaipo apa pane *ino*, uye ndanga ndiri kutepfenyura zvino kune pasi rose, vanhu vari pasi rose vaizonzwa inzwi rangu risati ratomboyambuka papurupiti ino kusvika kwamuri. Zviri mumagetsi e—epasi rose.

<sup>92</sup> Uye munoziva, inzwi iroro harife zvachose. Harife zvachose. Sainzi inotaura kuti, “Mumakore 20,” kana vakwanisa kubudirira sezvavaita zvino, “Kuti vachanhonga izwi chairo raJesu Kristu paAiva panyika, mumakore 20 kubva zvino.” Nekuti, zvakafanana nekudonhedza dombo muchidziva, masaisai madiki anozopedzisira apera pamberi pako, asi sainzi inoti anoenda shure kune rimwe hombekombe, mhiri kwenyanza kune rimwe, uye achidzoka nekudzokerazve, uye haambofa zvachose. Uye kunyangewo nemashoko aunotaura; achasangana newe muZuva reKutongwa, uye achakupomera mhosva kana kukuponesa, uye hauzombokwanisa kubva pane chero chimwe chazvo.

<sup>93</sup> Uye tinoziva zvikuru, iri kupfuura nemukamuri muno zvino, mifananidzo yevanhu. Kana musingazvitende, batidzai terevhizheni. Uye kune manzwi evanhu, asi pfungwa dzedu hadziabati.

<sup>94</sup> Zvino, vane nzvimbo yekutepfenyura pamwe nemureza, kana chubhu, kana kristari inotora manzwi iwayo yoaburitsazve. Uye zvino chinhu choga chiri Bhaibheri, ndeichi, Shoko raJesu Kristu raAkataura, uye Iwo atori mapenyu chaizvo sezvakangoitawo rimwe shoko rose munyika manheru ano.

<sup>95</sup> Zvino, kana moyo wako wakacheneswa neRopa raJesu Kristu, uye wova nzvimbo inogamuchira kubva kuNzvimbo iyoyo inotumira, Ndiye mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi, uye anoita zvinhu zvimwe chete zvaAkaita, nekuti Mashoko aKe haagoni kufa. Ari kurarama nekusingaperi. Hazvidi kuti vatore muchina, kana makore 20 kubva zvino. TinoRigamuchira iye zvino. Zvino, hezvoka izvo.

<sup>96</sup> Kurarama muzuva rino guru ratiri kurarama mariri, pedyo nekuuya kweMwanakomana wemunhu, nezviyedza zvichivaima kwese-kwese, zveKuuya kwaKe. Tinozviona mune zvevatongerwo enyika; tinozviona muchechi; tinozviona munguva; tinozviona kwese kwatinotarisa. Tinoona kuti zuva haricharatidzike sezvaraiita kare.

Nyika yaminama pachimiro. Vanondiudza zvino, kuti kuNorth Pole, kumusoro uko, kuti gungwa rava, ndinokanganwa kuti rakadzika zvakadii, kupfuura zvaraisive. Bering Strait, waigona kufamba napamusoro payo. Zvino, yakadzika chaizvo, mafiti mazhinji-zhinji, chaizvo, muBering Strait. Sei? Nyika iri kuzvimba pakati. Iri kukwirira kunze kuno kwayaive yakadzika, uye iri kudzika kumusoro kuno kwayaive isina kudzika. Nyika yakatominama zvachose. Iri kudzadzarika. Iri kudzengereka. Zvisikwa zvose zviri kusarenda, nezvose zvatinogona kuona.

<sup>97</sup> Uye zvino, manheru ano, tinoona kuti izvo zvepamasikirwo chaizvoizvo zviri kuburitsa, murudzi rwevanhu, chiratidzo cheKuuya kwaKe; nekuti, vanakomana vaMwari, nevanasikana vevanhu vachiva nerunako, uye kuti vari kuzvitorera vakadzi sei.

Inguva yakadini yatiri kurarama mairi! Oo, ini zvangu, uye kuti yaiva sei muzuva iroro!

<sup>98</sup> Zvino tinoona munhoroondo yechinhu chikuru ichi chinovhundutsa, chevarume vachinamata madzimai, uye tinoona nhasi kuti inyika yemadzimai.

<sup>99</sup> Ndakanga ndiri muSwitzerland, nguva shoma yapfuura, uye ndaitaura na... Zvino, handina chandinopesana nemadzimai edu eChikristu, kwete, changamire, matombo anokosha. Ndiri kutaura pamusoro pemaitiro emunyika. Paiva nemumwe mudzimai aifamba neni, Hama Guggenbuhl, nemusikana wavo wavaifambidzana naye. Ivo murume anenge—anenge ari pazera rangu, havana kumbobvira varoora, bhachura rakura, uye vaifambidzana nemumwe mudzimai wechidiki. Zvino mumwe wevasikana anobva ikoko, zvino akati, “Hama Branham, tiudzeiwo nezve America. Tinonzwisisa kuti, madzimai ari ikoko, inyika yemadzimai ikoko, zvechokwadi chaizvo.”

Ndakati, “Ndizvozvo.”

Akati, “Ndakagara ndichida kuendako.”

Ndakabva ndatanga kumutsanangurira. Akati, “Chii?” Ndikati, “Hongu.” Zvakashandura pfungwa dzake pakarepo.

“Zvino,” akati, “ko ungararama sei hupenyu hweChikristu munzvimbo yakadaro, zvino?” Pafungei ipapo.

<sup>100</sup> Pandakapinda mu—muRome, zvino ndakanga ndiri zasi kuSaint Angelo, makuva epasi, zvaikatyamadza. Pandakabuda muhotera yangu ndokudzika zasi uko kune nzvimbo iya inonzi, “Three Coins in a Fountain,” madzimai vaive mumugwagwa, kusava nehunhu kwavo. Madzimai vanouya vokupfimba kuti ufambidzane navo, vakasiyana-siyana, mizera nemizera, nemhando dzose. Zvino ndakanganwa kuti vangani vakauya kuna Billy neni naHama Baxter, tisati tasvika zasi kudziva, uye murume wekuTWA aitaratidza nzvimbo. Ndakati, “Ko madzimai iwayo anofanira kurarama saizvozvo here?”

<sup>101</sup> Akati, “Kwete. Masoja paakanga ari kuno, vakabva vazvijaira. Asi, zvakadaro, vane basa rakanaka, vanongoenderera mberi zvisinei.”

Asi kunyangwe munzvimbo yakadaro, pandakasvika panzvimbo yeSant’Angelo, chiratidzo chikuru kwazvo ikoko, kubva kuVatican, chaiti, “Chiziviso kuvanhukadzi vekuAmerica! Tapota pfekai mbatya musati mapinda mugopa ruremekedzo kuvashakabvu.”

<sup>102</sup> Ndakaona musikana wekuAmerica achiburuka muParis, kunova iko, chaizvo, imwe yemafashoni edu aimbobva kuParis. Asi musikana iyeye akanga akatopfeka zvisina kana hunhu, aina baba namai vake, kusvikira masoja ainge achishanda ikoko vakasiya mapiki nemafoshoro avo, ndokumhanya ikoko kuti

vanotarisa nepedyo, kuti vaone musikana uyu wekuAmerica achipfuura.

<sup>103</sup> Ndisu tinoita fashoni dzinotevedzerwa nevamwe. Yaimbova Paris, asi iko zvino vanouya kuno kuzatora tsvina yezvinyadzi, zvakaderereso. Uye nyika ino, umu muchangobva kupfuura nerumutsiro, rwerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, naIshe Jesu vakaisvonaka vachiratidza zviratidzo nezvishamiso zvaVo zvetsitsi, uye nekutaura sezvazvaiva mumazuva aNoa, nezviedza zvichivaima kubva kudivi kuenda kune rimwe divi. Mwari vanogona kumutsa munhu akafa kubva pamubhedha wake; Mwari vanogona kupodza vanorwara; Mwari vanogona kutaura zvinhu zvisati zvaitika, uye vozviita kuti zvine zvakakwana nemo-nemo, nguva dzese, pasina kukundika. Uye unogona kuparidza kumadzimai edu muAmerica, uye vanotowedzera kuipa gore rega-rega. Bombay, ndinoreva...

<sup>104</sup> MuDurban, South Africa, uko kwaive nevanhu vatema veko vangaita 200,000 vakaungana pamusangano, apo chishamiso chikuru chakaitwa naMwari. Zvino ndakaona vanhu vatema veko 30,000. Vakadzi vakamira ipapo vachingova nekanhembe kezvuma chete kemainji 4 kakaremba zasi pamberi. Uye varume vacho, vasina kana hembe, kanhembe kemainji 4. Vasina kupfeka! Gudza ravairara pariri, dehwe rembudzi; vanoripihwa, kwavari, pavanosvika rimwe zera; uye zvakare vanogara mariri, vanorara mariri, vanozviputira naro, uye vanofa vovigwa mariri, mune chimwe chitumba kune imwe nzvimbo.

<sup>105</sup> Zvino ndakaona madzimai iwayo, vechinyakare chaivo, kusvika mumwe mudzimai akatosununguka mwana, akagara mafiti 20 kubva pandaive. Haana kutomboenda kuchipatara kana. Ivo, mumwe mudzimai akamubatsira ipapo kwechinguvana, uye mumaminitsi angangoita 5 zvakanga zvatopera. Akatora mwana ndokumubata pachipfuva chake, kuti ayamwe. Zvechinyakare kusvika pakadaro! Asi pavakaona simba raMwari Samasimba richiuya pamukomana akanga achitambudzwa zvikuru, uye asiri kana mupfungwa dzake dzakakwana; zvino akasimuka ave mupfungwa dzake dzakakwana, achipa rumbidzo kuna Mwari; vanhu vatema veko 30,000 vakagamuchira Jesu Kristu seMuponesi wavo pachavo. Chii chakaitika? Rangarirai, zvakakura zvapaketwa ka 10 kupfuura Pentekosti. 30,000! Uye hapana munhu...

Ndakatarisa madzimai iwayo nemaziso angu, pavakawira pasi, vachiputsa zvimupunzo zvavo, vachipa hupenyu hwavo kuna Jesu Kristu. Vakanga vasingatozive; pamwe vakanga vasati vatombonzwa Zita raKe, vazhinji vavo. Asi pavakapfugama nemabvi avo—avo, zvino ndakavabvunza, kana vaive vakaperera pazviri, vachirevesa pazviri, kuputsa zvimupunzo zvavo. Zvino vakaputsa zvimupunzo zvavo. Zvino pavakapfugama nemabvi avo uye vakapa hupenyu hwavo kuna Kristu, ndichivanamatira, zvino vakasimuka zvakare. Uye madzimai iwayo aimira

akaisa maoko avo pasi, vasingazivi kuti vakanga vasina kupfeka; Hupenyu hwaKristu pahwakangobata hupenyu hwavo, ndakaona madzimai iwayo vachipeta maoko avo vachifamba kubva pamberi pevarume. Zvino kana kubata kwaJesu Kristu kuchiita izvozvo kumunhu mutema weko, zvinofanira kuitei kunyika yakanzwa Evhangeri kwemazana emakore? Hezvo isu zvino. . . Ndakazviona. Hazvisi zvakataurwa nemumwe munhu. Ndakatozviona. Maona? Zvinoshamisa zvino kuti tinozvidaidza pachedu kuti Makristu, uye gore rega-rega tokurura dzimwezve. Uye machechi anoita seasina hanya nazvo.

<sup>106</sup> Zvirongwa zvepa TV, oo, zvinoita kuti miviri neropa revanhukadzi. . . Havasi vanamwari. Havasi vanamwarikadzi. Asi zvinoisa America muhurongwa chaihwo kuti izadzise Magwaro. Nhamba yeAmerica i 13. Chinamatwa cheAmerica mudzimai, nguva dzose. Zviri pamari yedu. Zviri pane zvinhu zvose. Uye zvino zvirokwasvo zvinotiunza munguva yatichava namwarikadzi wekuAmerica, zvakare, hakusi kure zvakananyanya. Unogona kuona chinyorwa chacho pamadziro.

<sup>107</sup> Oo, tichaitei? Haukwanise kutofamba mumugwagwa wowana. . . Tarisa kunze mumugwagwa, tangira pakati peguta uye wongoona kushambadzwa pachena kwemadzimai, kuti vanoizvidzira sei vakapfeka mbatya dzekuti, zvechokwadi chaizvo, mudzimai anotofanirwa kunyara kumira muimba yake yekupfekera akadaro. Achifamba mumugwagwa, dzakabata kwazvo, uye—uye akapfeka tuhembe tudiki-diki. Uye—uye kunze kumahombekombe ekushambira aya nemabhikini madiki aya, kana chero zvavanozvidaidza, vakapfeka, nezvinhu zvakadaro. Uye vasingazive kuti mavari mune mweya wakaipa. Apo, vazhinji vavo vanoimba mumakwaya. Ndizvo zvakataurwa naJesu kuti zvaizoitika.

<sup>108</sup> Miviri yevanhukadzi! Vanongova nyama neropa. Havasi vanamwari. Pakufunga kwangu. . . Mwari vandiregererewo kana ndiri kukanganisa. Kwangova kusasimira kwese-kwese hako. Haugone kupomera munhurume mhosva, kana asiri mu—Mukristu, nokuti anotodonha chete, uye opinda mumiyedzo zvino kusvika panzvimbo yekuti anozoitika chimwe chinhu chisina kunaka, kusvika iye, munooona, atadza kuzvidzora. Zvinoshamisa kuti hapana zvekubatwa chibharo zvakanwanda zviri kuitika, nekuti, zvakanwanda zvacho, vakadzi ndivo vari kuzvikonzera. Asi, kana zvisiri izvo, ko ungapomera sei murume wacho mhosva? Isai mhosva pachopane mhosva.

<sup>109</sup> Mumwe mudzimai akati, “Zvino, Hama Branham, ndinongova nehunhu sezvandi. . .” Hapana kupokana pazviri izvozvo.

Asi, hanzvadzi yangu, unoziva here kuti uchapindura paZuva reKutongwa nekuda kwekuita hupombwe paunozvikandira kunze uko uye varume vokutarisa? Akati,

“Ani naani anotarisa pamudzimai kuti amuchive, atoita hupombwe naye kare mumoyo make, uye achatozvidavirira.” Uye zvichida hauna kuita chiito chacho, asi kana uchitendera Satani kuti aise mweya iwoyo pauri, iwo, masikirwo chaiwo anofanirwa kukudzidzisa kuti zvakaipa! Pasina Mweya waMwari, masikirwo anofanira kuzviita, kukudzidzisa kuti zvakaipa.

<sup>110</sup> Ndinofanotaura kuti nenguva isipi vachabuda nechimwe chezvinhu izvi, chichange chichingova shizha remuonde zvakare. Ndakafanozvaitaura izvozvo makore 30 akapfuura. Munoono, kumwewo kutuka Bhaibheri. Maona? Vachazviita. Kusasimira paruzhinji.

<sup>111</sup> Zvino, dhiyabhore anoita zvimwe chete kvanakomana vaMwari nhasi. Uye ndizvozvo. Tarisai mabhizimu edu. Mabhizimu edu mazhinji anotongwa nevakadzi, mazhinji awo. Ndizvozvo. Tarisai machechi edu, tarisai nyika yedu, kuti vanakomana vaMwari vanogwadama sei pachinamatwa chezvinhu izvi, madzimai aya. Apo, vari, kwandiri, havana kana kusiyana nechipfeve chemumugwagwa. Chinhu chisina kunaka kutaura, asi ichokwadi chaicho. Ndinoziva kuti vanhu vanonzwa matepi aya nezvimwe, vanozotaura zvinhu izvi. Asi ko ungasviita sei? Kana ukazviratidza saizvozvo, zvino murume okutarisa, sekutaurwa kwazvakaitwa naJesu “watoita hupombwe” naye. Zvino murume iyeye paachadavirira kuita hupombwe, ndiani akahuita, imhosva yaani? Mudzimai iyeye ndiye akazvikurura hanzu saizvozvo ndokuzvibuditsa, kana kuti akazviratidza pamberi pemutadzi iyeye. Ndizvozvo chaizvo. Chiratidzo chei? Nguva yekupedzisira, chiedza chitsvuku.

<sup>112</sup> Humai hwaparara. Marudzi ari kuparara. Zvino kana muchida kuona pazvakataurwa naJesu, verengai Mateo 5:28. Ndipo pazvaive. Hupenyu hwemunhukadzi hwanga huri honzero pamwe nemadonhero acho, pane izvozvo, simba rezvepabonde ndiro rakava chinoparadza. Kana muchida kuronda kumashure, heano mamwe marudzi andakaronda kuwa kwawo. Imwe yaiva Egipta, Assyria, Roma, nemamwewo, vakawa nesimba remadzimai.

<sup>113</sup> Cherechedzai, hakuna chinhu chingapiwa kumurume naMwari, kunze kweruponeso, chiri nani kupfuura mudzimai akanaka. Hapana munhu anogona kunyaradza, hapana—hapana munhu anogona kunyaradza munhu kana vakaneta, havaudze zvinhu kune mumwe munhu chero ani zvake sezvavanoita mudzimai wavo ivo. Uye hama dzangu mune rombo rakanaka chaizvo kana muine mudzimai mudiki akanaka akachena uye akarurama, uye ane hunhu, uye paunogona kupinda kana waneta nekurukutika, wogara pasi uye anogona kutaura newe. Anokwanisa kuita zvakananda newe kupfuura mumwe munhu wese. Ndizvozvo. Ibwe rinokosha. Ndimambokadzi.

114 Asi rangarirai, “Mudzimai akagadzirirwa murume; kwete murume kugadzirirwa mudzimai.” Chisikwa chekupedzisira chakasikwa naMwari chaive murume. Mudzimai chinhu chakabva pamurume. “Zvino akagadzirirwa murume; kwete kuti murume kugadzirirwa mudzimai.” Vakazvichinjanisa, zvino varume vanowira pachinamatwa chevakadzi. Ndicho chinhu chaicho chakazvitanga pamavambo. Ndizvo zvakaitika pamavambo. Apo Mwanakomana waMwari, Adhamu, akanga asingakwanisi kuyedzwa pakuita zvakaipa, Satani akauya mununhu anonzi nyoka, akanga akaita semunhu. Zvino ndipo pazvakatangira, kuti Evha akabva kuseri kweShoko raMwari, uye izvo zvakakonzero marwadzo ese emoyo, nzvimbo yese yemakuva. Chivi chese chakamboitwa, chakatangira ipapo chaipo.

115 Hezvoka izvo zvakare. Chii? Vakadzi ndivo vakakonzero kuwa kwekutanga, uye vakadzi ndivo vanogumisa nguva. Ndiye akazvitanga; ndiye anozvipedzisa. Ndokusaka Bhaibheri rakati, “Avo vanopunyuka kubva muZioni vachange vachibwinya pamberi paJehovha.”

116 Apo Isaya 5, akataura kuti kushaya hunhu kwemadzimai kwaizova kwakaita sei mumazuva ekupedzisira, uye kuti vaizova vakaita sei: mbatya dzakawanda kudai dzavanofanira kuva nadzo, uye kuti vaizonge vakagadzira vhudzi ravo sei, nezvimwe zvose zvakadaro. Bhaibheri rinotaura kudaro, Isaya 5. “Kuti aizofamba sei akapfeka shangu dzine hiri yakareba, tsoka dzake dzichiti ko-ko-ko paanenge achifamba. Uye aizomenera pasi mastokononzi ake, nezvinhu zvaaizoita; nembatya zhinji, dzekuchinja, nezvimwe zvakadaro.” Uye rikati, “Zvose izvozvo zvichabviswa paari, zvino achagara uye achinhuwa, kubva pahunzenza.” Uye rikati, kunyange, “Madzimai 7 achabata murume 1, ndokuti, ‘Tichazvishandira pachedu. Ingotiita kuti titore zita rako, kuti tibvise kunyadziswa kwedu.’”

117 Asi akati, “Davi riya diki rinopunyuka zvinhu zvose izvi richabwinya zvikuru! Huchava ‘HUTSVENE KUNA JEHOVHA’ nezuva iroro,” apo madzimai chaivo vakazvarwa patsva vachaziva nzvimbo yavo, kunyangwe vachisekwa, uye vachinzi mapenzi uye vechinyakare, zvese. Asi, ita semudzimai, semudzimai kwaye! Mira semudzimai! Pfeka semudzimai! Taura semudzimai! Rarama semudzimai kwaye. Ehe. Amen, zvinoreva kuti, “ngazvive saizvozvo.” Musavhunduka. Hazvikukuvadzei. Zvakanaka.

118 Shoko raJesu pachaKe rakataura zvaizoitika, kuratidzwa kukuru ikoko.

119 Zvakarewo Akati, “Mumazuva aRoti.” Kana muchida kunyora Gwaro iroro pasi, ndi—ndiRuka 17:28. Akati, “Vakanga vachidya, vachinwa. Vakatenga. Vakatangesa.” Kazhinji, zvinhu

izvi zviri pamutemo. Asi tarisai. Zvino—zvino kuti vakagara, asi vakaisa zvese . . . pfungwa dzavo pazviri.

<sup>120</sup> Zvino mumazuva aRoti, vakadzi vakanga vakaderera kwazvo, pahunhu hwavo, kusvikira havaimboshandisirwa basa revakadzi, asi vaive vakatsveyama, kusvika vaka . . . Zvakasvika pakujairika zvakanyanya, kuti vakadzi vakasvika pakujairika zvakanyanya zvekuti, ivo—ivo, varume vakararama nevarume. Kutsveyama kwemasikirwo kubva muzvizenga zvakanga zvashandura nzvimbo yazvo, nekuti vakadzi vaive vaderera kwazvo.

<sup>121</sup> Mazuva mashoma apfuura ndakanga ndiri uko, kuTucson, ndaenda kunotenga rofu rechingwa. Zvino paiva nemumwe mukomana akanga akagara kunze ikoko, nevakomana 2 vadiki mumotokari. Mumwe akauya, akatenga pakiti refodya. Murume mukuru ane bvudzi jena akatarisa pasi, akati, “Ko midzanga iyi ndeyaani, amai vako here?”

Akati, “Kwete, ndeyemukomana uyo.”

Akati, “Akura zvakakwana here kuti ave nayo?”

Akati, “Hongu, changamire.”

Akatarisa kumashure saizvozo. Ini ndakanga ndakamira nerofu rechingwa nepaindi yemukaka, ndakatarisa. Zvino akaenda, akati, “Horaiti,” zvino akaipa kwaari.

Akanditarisa, ndokuti, “Handina chokwadi nazvo.”

<sup>122</sup> Ndikati, “Haangambokura zvakakwana kuti adaro. Akanyanyisa ku . . . Hapana zera raangambonzi akura zvakakwana.”

Akati, “Ndinobvumirana nemi.” Akati, “Mune—mune nguva yakaoma here muchiedza kuisiya?”

<sup>123</sup> Ndikati, “Handina kutombobvira ndakaitanga.” Ndikati, “Handina kumbobvira ndakaitanga.” Ndikati, “Vabereki vangu vaiputa nekushandisa fodya, asi Ishe Mwari vakandidzivirira kubva pairi.”

<sup>124</sup> Akatendeuka akanditarisa zvine kakushamisika, ndokuti, “Zvino, ndinofunga kuti chinhu chakaora zvinonyadzisa nhasi, kuona kuti sei . . .” Akati, “Zvaimbova kuti, taiisa vakadzi panzvimbo yepamusoro.” Akati, “Taimuremekedza. Taibvisa ngowani pamberi pake. Taifamba tichidzika nemugwagwa, uye varume vakangonzwa mumwe munhu achitaura zvakashata nezvemumwewo mudzimai, vaimuwatsura mbama.” Maona? Uye vaiti, “Vairemekedza vakadzi.” Asi akati, “Changamire, vakadzi ndivo vakazvikonzera kuve pavari.” Akati, “Zvino havasimuke. Vaiwanzosimuka; muchitima, mudzimai akapinda, murume wese aibvisa ngowani yake obva amurega achigara pasi.” Akati “Iye zvino vanotoita puresha, pane vanhu vakawanda!” Akati, “Ndivo vakatozvikonzera kuve pavari.” Uye ichokwadi ichocho.

Gomba iroro remadhimoni reHollywood mhiri uko ndiro rakazvibuditsa pamaterevhizheni nemamagazini, kusvika chinhu chacho changova zipoto guru retsvina. Ndizvozvo.

<sup>125</sup> Ndinoziva kuti hakusi kutaura kungafarirwa nevakawanda, asi kutaura kwechokwadi. IChokwadi. IShoko raShe, uyewo chiratidzo cheyambiro chekuti Kristu achauya muchizvarwa chino. Akati, “Avo vanoona izvi zvichiitika, havazopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvazadzikiswa.” Akati, “Zvose matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu haringapfuuri.” Inotova yambiro. Chiedza chitsvuku chiri kuvaima; kuvharwa kweketeni. Tave panguva yekuguma.

<sup>126</sup> Tinoona zviratidzo zvaIshe Jesu vachipodza vanorwara, vachimutsa vakafa, vachidzinga mweya yakaipa. Tinoona va—vanhu vakaitwa vatsvene nekutsveneswa, neMweya Mutsvene. Tinoona hupenyu huchishandurwa. Tinoona zviratidzo zvikuru. Tinoona zviratidzo zvisinganzwisisike mumatenga, sezviyedza zvinobhururuka. Pentagon, vazhinji vevanhu vanozviisa paterevhizheni, vachizvinyora. Havazive chekufunga pamusoro pazvo. Mhando dzose dzezviratidzo zvisinganzwisisike! Ishe Jesu vachiburuka vari muchimiro cheShongwe yeMoto, ndokutorwa mufananidzo waVo, vachigara pakati pedu, kuratidza kuti ndiVo mumwe chete zuro- . . .

<sup>127</sup> Tinoona zvinhu zvose izvi zvichiitika. Tinoona kutonhora kwechechi. Tinoona sangano richikura. “Pamunoona muti wemuonde, nemimwe miti yose ichtungira mabukira ayo,” maJudha achidzoka. “Muonde,” maJudha achidzokera kunyika yavo, nyika yavo ivo. Tinoona maPresbyteriani, maMethodisti, maBaptisti, maLutherani, maPentekosti, machechi ose, “vachibuditsa mashizha avo,” *rumutsiriro*. Akati, “Gadzirirai! Ndiyo nguva yacho.” Patinoona izvozvo zvichiitika, ndipo apo Mwari vari kugadzirira kudaidza Vasanangurwa vaVo. Zvino kana iwe . . .

Chimwezve chiratidzo. Akati, “Pamunoona vakadzi vachiva nerunako rwakanyanya, pamunoona vanakomana vaMwari vachivatora nemadzimai, vachizvitorera madzimai, vachiita *izvi*, *izvo*, kana *zvimwewo*,” akati, “zivai kuti ndicho chiratidzo.” Hapoka patiri.

<sup>128</sup> Zvino, chimwe chinhu chandanga ndanyora pasi. Rangarirai vanasikana 2 vaRoti. Hongu, tinorangarira kuti, zasi muguta reSodhoma. Jesu akati pano, muna Ruka 17, “Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma.” Rangarirai, kuti, varume vakashandisa vakadzi zvisizvo kusvika chiito chemasikirwo chehupenyu chaive chisisashuvirwe. Uye, oo, zvinotyisa kutaura izvi kubva papuratifomu, asi izvi zviru . . . Kana pakambova neChokwadi, chinofanira kubva pano. Uye zvakaipa kwazvo, nhasi, kusvikira kune makumi ezviuru zvakapetwa zviuru zvavo, zviru kuwedzera kwese-kwese, kutsveyama, maSodhoma, sezvazvaiva muzuva

iroro. Nekuti kushandiswa kwepamasikirwo kwehupenyu hwevanhu kuti vaberekane panyika pano kwakabatwa zvisizvo zvakanyanya, uye zvakaenderera mberi nenzira yazvakaita, kusvika chishuwo chazvo chiri kupera nekukurumidza. Ndichati, mukati memakore 10 kana 15 anotevera zvichange zvapera, potse, nenzira yazviri kuwedzera nayo zvino.

<sup>129</sup> Zvitaurya zvikuru. Ndanga ndine chimwe chinhu kubva kuna Edgar Hoover pamusoro paizvozvo, asi handizive... Ndafunga kuti ndanga ndinacho chiri pano, asi handina, pane zvaakataura nezvazvo. Uye zvino tinoona zvinhu izvi. Oo, ini zvangu!

<sup>130</sup> Judha, muBhuku rake duku, rakakura, ndinoridana kudaro, mundima 7, ngatingoriverengai. Ndinoda kuverenga izvi. Judha, pane yechi 7. Iri ndiro Bhuku rekupedzisira tisati tasvika paBhuku raZvakazarurwa. Ndazvinyora pasi pano, Judha 7, vhesi 7. Murume nemudzimai vachiunza mhiko dzemuchato, vachidzityora, vachitevera kuchiva kwenyama kwakaipa! Teererai.

...zvino *seSodhoma neGomora, namaguta*  
*akapoteredza saizvozvowo, vakazvipa*  
*kuhupombwe, ...nokutevera kuchiva kwenyama*  
 kwakaipa, ... (Maona? Oo.) hupombwe, *kutevera*  
 kuchiva kwenyama kwakaipa, *vakaitwa* semienzaniso,  
 yekutambudzika, nekutsiviwa, *nemoto usingaperi*.  
 (Ndiko kuti, kuparadzwa zvachose uye nokubviswa  
 zvachose.)

<sup>131</sup> Pano imwe nguva yapfuura, muLos Angeles, ndakanga ndakamirira, kana kuti ndakanga ndiri kunze kunzvimbo yemisasa. Ndakanga ndichityaira ndichikwidza nenzira. Zvino mumwe mudzimai mu—mudiki, mumwe musikana mudiki ane runako, akanaka chaizvo, aifamba achikwidza nemugwagwa. Zvino ndakafunga kuti, “Anofanirwa kunge ari kuenda kune imwewo showo.” Zvino aive akapfeka tuhembe twekumadokero, twunenge—twunenge mainji 6 kana 8 pahupamhi pamberi pake, nezvishinda zviri mainji 3 kana 4 zvakaremba. Uye kumusoro uku kwemuviri wake, kanzvimbo kadiki, kakangokura zvokuti waigona kungokatora wokapfumbata kese zvako muruwoko rwako, kakaremba paari sezvizvi. Akapfeka ngowani yemukomana wemombe, nebhutsu dzine twakaremba padziri. Uye achiyevedza zvikuru, ndaigona kuona chero jaya raizoridza mabhureki emotokari nezvimwe zvese, kuti rimire paari, achienda achizvonyongoka achikwidza nemumugwagwa.

<sup>132</sup> Zvino ndakanga ndava kutoda kukona kunzvimbo yemisasa, zvino ndakakwidza ndakananga kunzvimbo yemisasa. Zvino ndakatanga kukomuka, kuti ndidzokere. Ndakafunga kuti ndichangomira, ndoti, “Mudzimai wechidiki, ndinoda kutaura

newe muZita raIshe wedu Jesu Kristu. Kunyangwe uri musikana akanaka, hapana kupokana pazviri, kunyangwe uine chimiro chinga. . . Pamwe, iwe—iwe unoda kunzwa mabhureki emotokari achirira. Unocherechedza here kuti mweya iwoyo uri kukuita kuti uite izvozvo uchakuendeswa kugehena radhiyahore kwauchatambura nemumazera anotevera? Unocherechedza here kuti mutumbi iwoyo une runako, mudiki, wakaumbika, nematama iwayo akaurungana nevhudzi, nezvimwe zvakadaro, nemiro mitsvuku: pamwe mu—mumwedzi 6 inotevera honye dzichange dzotakanya dzichipinda nekubuda mumuviri iwoyo wakaumbwa zvakanaka, kunze kuno muguruva; uye mweya iwoyo unogara imomo: rimwe zuva, uchava mukutambudzwa nadhiyahore.”

<sup>133</sup> Zvino chimwe chinhu chakandimisa, sekuti Mwari vaiti, “Kana ukadaro, vachakuvharira zasi uko mujeri.” Maona? Hezvoka izvo. Zvino ndakaona Billy achibuda ndokupa chiratidzo neruwoko, yakanga yava nguva yekuti ndiuye. Ndakavanzwa vachiimba *Tenda Chete*.

<sup>134</sup> Oo, ini zvangu! Vanhu vangaroyiwa sei muzvinhu zvakadaro? Imhaka yekuti havatomboremekedzi Shoko raMwari.

<sup>135</sup> Uye chimwe chinhu, vashumiri vari kuseri kwepuratifomu, vanobatanidzwa nemasangano aya, vanoRiverenga nekuRiziva, vanotorambidzwa kutaura chimwe chinhu pamusoro paRo, nekuti vanozodzinga ungoro yavo kubva pavari ipapo. Zvino machechi ari kutsvaga nhengo. Asi Mwari vari kutsvaga vatsvene vaMwari mupenyu vakazvarwa patsva, vachapenya senyeredzi. Mwari vatibatsire kuti tive takatendeka uye titaure Chokwadi, zvakataurwa naJesu Kristu. Asi ndiro zuva ratiri kurarama mariri. Ndizvo zviratidzo zvakanzwi naJesu zvaizovapo, uye tinozviona pamberi pedu chaipo.

<sup>136</sup> Tarisai zvino, uye Judha chitsauko 7 zvakare, “Sodhoma neGomora.” Oo, ini zvangu, chinhu chakaipa zvikuru! Vasina kuroora madzimai, “vachitevera kuchiva kwenyama kwakaipa.” Murume akaroorana nemudzimai wake, hava—havasisiri 2, vave 1. Uye murume anomhanya achitevera mumwewo mudzimai, atozvipatsanura chaizvo nemudzimai wake. Uye mudzimai anomhanyidzana nemumwewo murume, anenge akafa kumurume wake. Atoramba mutumbi yake iye; agurwa kubva paari. Ndizvozvo chaizvo. MuZuva reKutongwa, achazvipindurira izvozvo.

<sup>137</sup> Asi nhasi havadi kunzwa Mharidzo yakadaro. Vanhu havadi kuInzwa. Vanoda kutekenyedzwa munzeve dzavo. Chaizvo zvandakaudzwa neMweya Mutsvene zuva randakaisa dombo riya repakona ipapo, wakataura kuti:

*Paridza shoko; ramba uchidaro nenguva yakafanira,  
kunyange isakafanira; . . .*

*Nokuti nguva ichasvika yavacharamba kugamuchira dzidziso yakarurama; asi pakuchiva kuwavo ivo vacha...zviunganidzira pamwe chete vadzidzisi, vachida kufadzwa munzeve dzavo;*

Uye...vachatsautswa kubva pachokwadi, vachienda kungano.

Wakati, “Kana chiratidzo chakusiya, verenga Timotio Wechipiri 4.” Ukati, “Usakanganwa, Timotio Wechipiri 4!” Zvino chiratidzo pachakandisiya, ndakamira ipapo chaipo pana 7th Street, mukomana ane makore 19 ndakamirapo, Izwi raMwari rakataura mukamuri, zvino Wakati, “Timotio Wechipiri 4.” Ndizvo chaizvo zvazvakazova. Maona? “Nguva ichasvika yavacharamba kugamuchira dzidziso yakarurama.”

<sup>138</sup> Vanhu vanoda chimwe chinhu. MaPentekosti vanoda chimwe chinhu chinongovabhabhadzira kumusana, uye chovarega vachirarama nenzira yavanoda. Uye vanogona kuridza piyano ine nemabhiti 40 pasekondi imwe, vosvetuka-svetuka, nekutamba pazviri; uye madzimai vanoita chero zvavanoda, uye varume nenzira imwe cheteyo. MaPresbyteriani, Methodisti, Lutherani, neBaptisti, pane vanhu vazhinji vakaperera mumasangano ose iwayo. Ndizvozvo chaizvo. Asi hurongwa hwacho ihwohwo hwakavasunga kwazvo, kusvikira vanofunga kuti chero bedzi vari nhengo yechechi iyoyo, nezita ravo riri pamabhuku iwayo, vakananga Denga. Zita rako riri mune rimwe bhuku pano panyika harizorevi izvozvo kuna Mwari. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Zita rako rinofanira kunge rakanyorwa muBhuku reHupenyu reGwayana, kubudikidza neRopa raJesu Kristu, kuti zvivi zvako zvakaregererwa. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>139</sup> Asi vanoda mhando yakadaro. Ndiyo mhando yevafundisi yavanoda. Havadi chimwe chinhu. Uye kana Mwari mumazuva ano ekupedzisira vakazunguza chipo chose chaMwari chakapihwa muBhaibheri, chipo chese chakavimbiswa naJesu Kristu, chipo chese, nechiratidzo chese, nechiratidzo chese chenguva yekupedzisira. Zvose zvakavimbiswa muBhaibheri rino, sekuona kwangu, ini, zvakatozunguzwa kare pamberi penyika, uye iri kudonha yakananga kugehena nesimba rayo rose. Ungavaudza here? Vanongoramba vachimhanya, zvakadaro.

Regai ndingotora mamwezve Magwaro mashoma pano tisati tavhara. Zvakanaka. Oo, “Yakagadzirira kuparadzwa Nokusingaperi,” ndizvo zvavari, Bhaibheri rinodaro.

<sup>140</sup> Nyika ino iri mukuwora kumwe chete. Kuora kwemagariro evanhu kumwe chete uku, nyika ino iri makuri manheru ano. Munozviziva izvozvo. Hadzisi nyambo. Haasi makuhwa. Ichokwadi. Genesi 6:12 inoti, “Nyama yose yakanga yaora, munhu aifamba nenzira yake iye,” mukufunga kwake

iye, achifuratira mirawo yaMwari. Ndiwo maitiro anoita munhu nhasi. Munhu haadi kunzwa Shoko raMwari. Vanhu havadi kuRinzwa. Vanoda kufamba nenzira yavo ivo.

<sup>141</sup> Jezebheri akaramba kunzwa Shoko raJehovha. Aisada kudana muparidzi uya akwegura aitaridzika kuve nehukushe hwemvere, Eria, kuti mufundisi wake. Asi aive mufundisi wake, zvakangodaro. Ndizvozvo. Mwari vakamutuma, zvino akaparura mharidzo yake. Kunyange asina kudzidza, havazive kwaakabva kana kwaakaenda. Akauya panzvimbo aine Shoko raShe. Akatumira mharidzo yake, yaakaparidza, ndokupomera chose chaivapo, chinonzi chivi. Kutu, iko Jezebheri uya wechimanjemanje, akinga atendeutsa uye akaroya vanhu pasi pehuroyi hwemasimba ake kusvikira nyika yose yakanga yaora, uye Eria akamira ari oga kunze uko pagomo. Mwari vakati, “Eria, usafunge kudaro. Ndine 7,000 zasi uko vakatendeka mumoyo, nazvino.” Ndiko kudhonza kwake kwechipiri, nekwechitatu, kwakavadzokera.

<sup>142</sup> Asi rangarirai, Mwari vakava netsitsi, uye iVo—iVo. . . Uye mharidzo yaEria yakapomera chizvarwa ichocho chekusatenda. Mharidzo yaNoa yakapomera chizvarwa ichocho, ndokuunza kutongwa pane avo vakaramba kuinzwa, nerudzikinuro kune avo vakaitenda. “Zvino sezvazvaiva mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichazova pakuuya kweMwanakomana wemunhu.”

<sup>143</sup> Genesi 6, vachifuratira mirawo yaMwari! Vanoti, “Mirawo yaMwari?” Shoko raMwari rinotaura, nhasi, kuti, muBhaibheri. . .

Zvino teererai, handisi kutaura izvi kuna ani zvake. Ndine mungava bedzi, sehama yenyu. Ndine mungava wekukuudzai Chokwadi chose, sezvakataurwa naMutsvene Pauro asati aenda, “Handina kurega kukuzivisa zano rose raMwari.”

<sup>144</sup> Zvino, Bhaibheri rinotaura, nhasi, kuti madzimai haafanirwe kugera vhudzi ravo. Handina basa kuti vaparidzi vangani vanotaura kuti zviri raiti; zvakaipa. Handina basa kuti machechi mangani anozvitsigira; Bhaibheri richiri kungoti zvakaipa. “Zvinonyadzisa kuti mudzimai aite izvozvo.” Asi vanoramba vachizviita, zvisinei, vachienderera mberi. Vari kuitei? Mupfungwa dzavo ivo, vachizvishongedza nezverunako, vanofunga kuti vakanaka.

<sup>145</sup> Shoko raMwari rinoyambira, haafanirwi kuita zvinhu izvi. “Haafanirwi kupfeka nguwo, kana mudhebhe, kana chimwewo chinhu chine chekuita nemunhurume,” asi anongoenderera mberi zvakangodaro. Edza kumumisa.

Anoti, “Ko muri kuwawatei zvino, Hama Branham? Muri kuitei? Handiti, vanhu vanokudai zviri nani kana maizo. . .” Handina hanya nazvo, izvozvo. Ndine hanya nezvinofungwa nevanhu. Zvino musanditora nepasipo. Asi ndine basa nezvinofungwa naMwari, uye *iRi* iShoko raVo.

Ehe, muudze kuti zvakaipa kuita izvozvo, anongoenderera mberi achizviita, zvakadaro. Maona? Sei? Vakadzi muChikristu chose vanoita zvinhu izvi, uye chechi inoita seisina hanya nazvo. Sei zvakadaro? Vanakomana vaMwari vakawira muruchiva rwemiviri neropa revanhukadzi, ndokuramba Mwari chaiye neRopa rakavatenga, kuti rivaparadzanise nezvinhu izvozvo zvakasviba. Amen. Ndicho Chokwadi ichocho. Zvechokwadi chaizvo, iChokwadi.

<sup>146</sup> Edzaka kumumisa. Munofunga kuti kuparidza kwaNoa kwakava nechinodzivisa here? Kwete, changamire. Asi chii ichocho? Inzwi, Inzwi. Uye kana tose tadanwa paKutongwa, Mharidzo iyi chaiyo yandiri kuparidza, manheru ano, ichasangana neni ipapo chaipo, Shoko neShoko. Uye zvararo uchaita sei?

<sup>147</sup> Chiedza chitsvuku chiri kuvaima, vari panguva chaiyo, kuomarara musoro pakati pevakadzi. Tiri kuzo... Tichangoisa izvi, nekuda kweizvi vari madzimai. Uye munoshaya kuziva kuti sei ndichigara ndichingopopota nezvazvo. Zvino ndichaisa, ndotoro Magwaro mazhinji—mazhinji akaiswa imo muno ndisati ndavhara, ndokuratidzai kuti sei. Uye ndicho chikonzero ndichifanirwa kugara ndakatendeka kuShoko iri, uye muranda wese waMwari anofanirwa kugara akatendeka kuShoko. Unofanira kugara, nokuti panofanirwa kuva nezwi pane imwe nzvimbo rinodanidzira richizvipikisa. Handina basa kuti vamwe vose vanoitei; hauna mungava kwavari. Unopindura sedungamunhu. Haupindure semuMethodisti, haupindure semuBaptisti, kana muPentekosti. Unopindura sedungamunhu, kuna Mwari, nekuda kwehupenyu hwako pachako.

<sup>148</sup> Uye tinoona zviratidzo izvi, asi zvakadaro vanoenderera mberi vachizviita. Muudze kuti zvakaipa, ugoona zvaanotaura. Akaomarara musoro! Ndizvo chaizvo zvakaitwa naEvha. Evha aiziva zviru nani pane kuita izvozvo. Aiziva here? Aiva neShoko raMwari. Rakati, “Zuva rauchaudya, zuva iroro uchafa.” Saka, sei akazviita? Aida nzira yake iye. Uye sei vakadzi vachigera vhudzi ravo; sei vakadzi vachipfeka hembe idzi, uye Bhaibheri richitaura kuti ndizvo chaizvo zvavari kuzofanira kuita? Uye chinhu chavari kuita, vose vanowanirwa mhosva. Ndizvozvo chaizvo. Asi sei achizviita? Ane zvake iye pachake. Hongu, changamire. Achaita zvaanoda iye. Uye chechi haina chainotaura pamusoro pazvo. Zvino chechi inofanira kunge iri Mwenga waJesu Kristu, uye yorega kutaura chinhu pamusoro pazvo.

<sup>149</sup> Ukaudza mumwe wavo nezvazvo, munoziva here zvavanotaura? Zvichiita sekutaura kuti, “Hapana Bhaibheri rekare richamira munzira yangu yekuti ndifare.” Zvino ndizvo chaizvoizvo. Ukavaudza kuti zvakanyorwa muBhaibheri. Oo, vanogona kusataura mashoko iwayo, asi ndizvo zvavanoita.

Makambonzwa here chitaurwa chekare chinoti, “Zviito zvinotaura zvinonzwika kupfuura mashoko”? Saka, zvino, zvinodaro here? Zviito zvinotaura zvinonzwika kupfuura mashoko. Hazvina mhosva kuti uri kutaura kuti kudii, hupenyu hwako—hwako hunotaura zvinonzwika kwazvo kusvika havakwanise kunzwa huchapupu hwako. Sezvandataura mangwanani ano, ingosvetuka sekurarama kwaunaita. Maona? Zviito zvako zvinotaura zvinonzwika kupfuura mashoko ako. Uye chitongobuda hako wozvitaure, nekuti mashoko avo pachavo anotaura. Mashoko ako—ako, zvisinei kuti chii, zviito zvako zvinotaura zva—zvauri.

Kana ukataura chimwe chinhu chakasiyana nezvauri chaizvoizvo, zvinobva zvava hunyengeri. Jesu akati, “Imi vanyengeri! Mungagotaura sei zvinhu zvakanaka, kana kubva mumoyo muchitaura, iwo muromo uchitaura zvinobva mumoyo?” Munoono, vaitaura chimwe chinhu chavaisarevesa.

Uye madzimai zvino, kutaura izvozvo, oo, ini zvangu, “Kuva nemufaro wangu pachangu.”

<sup>150</sup> Chii chinotika? Kubva muwanano . . . Heino imwe nzvimbo muBhaibheri. Kubva muwanano munobuda mhiko inoti, “kuteerera.” Huh! Kuteerera? Huh! “Muchengeti wepamba, akachena, ane mabasa akanaka.”

Anoseka pamberi pako uye oenda kufekitari yemapaudha, hofisi yemumwe munhu. “Murume wangu . . .” Ehe. Oo, ndinopokana nazvo.

Kana mabasa aya nhasi, zvinonyadzisa kwazvo, kuisa vakadzi pabasa rechipurisa. Kana izvozvo zvisiri chiratidzo che—chehuipi pakati pechero guta ripi zvaro! Apo varume vazhinji havasi pabasa, uye vanotongoendesa madzimai iwayo kunze ikoko, iro Bhaibheri rakati anofanirwa “kugara pamba uye ova muchengeti wepamba akachena.” Asi anochengeta mabhuku ose emukuru webasa, neakowo, zvakare. Hongu. Ndizvozvo.

Handisi kutaura pamusoro pemadzimai akanaka zvino. Handisi kukandira izvi kwamuri imi madzimai ane humwari chaihwo. Mwari vakuropafadzei. Vari patepi, kana chero kupi zvako.

Asi ndiri kutaura nezvekuti, paunowana 1 akadaro, unowana 1,500 vari neimwewo nzira. Havamboteerera kuShoko rimwe. “Chengeta Bhaibheri rako! Riparidze kwauri pachako. Hatidi kuRinzwa.” Kuteerera? Oo!

<sup>151</sup> Anogona kutaura izvi, “Udza nyaya dzako dzemuBhaibheri kune mumwewo munhu. Ipa Mwari wako kune mumwe munhu, undisiye ndakadaro. Uri kukwamatata kwandiri nezvei? Handina kumbokukumbira kuti utaire zvinhu izvozvi.” Ndinoziva, asi Mwari vakazviita. Maona? Saka ndizvo zvoga.

<sup>152</sup> Saka vachiri kushatisa nzira yacho. Sezvakangoita mumazuva aShe, sezvakangoita muzuva iroro, ndizvo zvavanoita nhasi, zvimwe chetezvo. Hazvina kushanduka. Hazvishanduke. Hazvisi kuzoshanduka.

<sup>153</sup> Misikanzwa yevechidiki pakupedzisira inowana vana vake. Jeri rinowana chikamu chemadzimai nevarume, uye gehena rinotora chinhu chacho chose, ndizvozvo chaizvo, pakupedzisira rinovamedza vose. Uye kuparidza kunoita sekunge kunopfura nepamusoro pemisana yavo. HavamboRiteereri. Vachava nekwayo... Unogona kuvaudza kuti Bhaibheri rinotaura *Izvi*. Ivo vanoti, “Chengeta Bhaibheri rako. Tichava nemafaro edu.”

<sup>154</sup> Ndiri kunzwa vamwe venyu hanzvadzi vachiti ikozvino, pamwe kwete pano chaipo, asi ndinonzwa muchiti, “Ani, ini kuteerera murume wangu? Huh! Ndinotoita kuti iye anditeerere.” Asi ipapo ndipo pamuri kukanganisa. “Kugara kumba, ndakachena? Handina basa nezvinotaurwa neBhaibheri pamusoro pazvo, ndisiyei ndakadaro!” Teererai, hanzvadzi, zvaisava, kare muMazera eRima, ndiro inzwi ranhasi. Izvozvo hazvina kunyanyoitika kare munguva yekuparadzwa nemvura zhinji, zvinoitikawo nhasi uno zvakare. Ndizvo zvimwe chetezvo.

<sup>155</sup> Zvakare vanoti, “Ndiri mudzimai wechimanjemanje. Ndinogara muAmerica.” Zvinoka, hazvina kana kumbosiyana nekuti unogara mudanga renguruve. Hazvina kana mutsauko wazvinoita kuna Mwari kwaunogara. Uri zvauro mumoyo mako. Ndizvozvo. Uye usafunge, hanzvadzi, kuti uri wechimanjemanje kwazvo, kuti uri mumwe wemadzimai echimanjemanje aya, sezvaungada kutaura nhasi. Unobva kare-kare, maringe neBhaibheri iri, mumazera erima, munguva yekuparadzwa nemvura zhinji. Munguva yaNoa, ndipo pavakaita chinhu chimwe chete. Saka hamusi wechimanjemanje zvakananyanya, zvachose, muri here? Maona? Ndiwo maitiro avaiita munyika yekuparadzwa nemvura zhinji. Maona? Uye ndiwo maitiro avari kuita nhasi, saka rinofanira kunge riri zera rerima zvakare, kudzokera murima guru mhiri.

<sup>156</sup> Uye iwe murume unorega mudzimai wako achizviita, hamusisiri vanakomana vaMwari. Kwete, makaita sokuwira muSodhoma, ndizvozvo, kurega madzimai achikutungamirirai kwese-kwese. Oo, ini zvangu!

<sup>157</sup> Handizive kuti ndotaura izvi here kana kuti kwete. Regai ndisiye chikamu ichi. Asi, zvakanaka. Izvi zvakashata, asi zvose kuzera rino ratiri kurarama mariri. Muri kuona here chiedza chitsvuku chakabatidzwa, chichivaima?

Hwamanda yaShe icharira, uye nguva  
haizovepo,  
Uye mangwanani achabuda ave  
Ziyendanakuenda, rakajeka uye rakanaka;

Zvino vasanangurwa vaKe vachaungana  
(kubva muguruva renyika) kuMusha wavo  
uri mberi kwedenga.

Oo, richava zuva rakadini! Zvakana. Oo, hongu!

<sup>158</sup> Kudzokera muSodhoma. Usanetseke, pane A-bomb rakamirira kuzvichenesa zvose, ndizvozvo, kuchenesa pasi rose. Richazviita. Uye zvakare yese ichavandudzwa zvakare, sezvatakaona pasi peChisimbiso cheChitanhatu, kuitira boka revanhu vakadzikinurwa vakagamuchira Ishe Jesu, avo vakazova Makristu, avo vakatengesa zvido zvavo nemafashoni avo enyika ino, uye vakauya kuna Jesu Kristu, ndokutarisa kwaAri uye iYe oga; muhurongwa hwaKe hwakaninipa, huri nyore, kuti vauye vatende kwaAri, uye vagamuchire Hupenyu Husingaperi. Uye kana ukati une Hupenyu Husingaperi, uye wopesana neBhaibheri iri, hupenyu hwako husingaperi hausi Hupenyu Husingaperi hunopihwa naMwari. Wakanyengerwa, nerufu, uye kwete neHupenyu. Ndizvozvo chaizvo.

<sup>159</sup> Zvino, oo, “Itya Mwari nekuchengeta Shoko raVo, nekuti uyu ndiwo murairo uzere.” Zviedza zvitsvuku zviri kuvaima, uye nguva yava pedyo. Sezvazvaiva mumazuva aNoa, munoono, vakatora chinhu chiri pamutemo ndokuchitsveyamisa. Vakatora kudya, uye vakatora kunwa, vakaita zvekuvaka, uye vakaisa zvimwe zvinhu zvose izvi, ndokuzvitsveyamisa. Zvino, Jesu ari kutarisira kuti tivake musha, munoono; asi chingotaraisai zvakaitika mazviri. Kudya, Anotitarisira kuti tidye, ndizvozvo; tarisai zvakaitika mune izvozvo. Kunwa, tinotarisisira kunwa mvura dzedu nechero zvatino fanira kuita; asi, panzvimbo payo, vakaitora kuiita zvinwiwa nezvinodhaka, nezvimwe zvese, nedoro, vachiunza madzimai avo mukati. Maona?

<sup>160</sup> Ko kuwedzerwa kwehuwandu hwevanhu, sezvazvaiva mumazuva aNoa? Ko runako rwemadzimai rwuchiwedzera nguva dzose, rwuchiwedzera nekuwedzera? Maona? Chiedza chitsvuku!

Ko panguva iyo madzimai vaizouya, pavanozova nenzira yavaiva, “vane misoro mikukutu, vanokarira zvepamusoro,” nezvimwe zvose, hawaikwanisa kuvaudza chinhu? Ukaparidza Shoko kwavari, vanongoenderera mberi vachizviita zvakadaro. Maona?

Chii chichaitika? Chaizvo sezvazvaingova mumazuva aNoa. Rimwe zuva, mukova wetsitsi uchavharwa. Zvino Rugwaro rwunoti, “nzvimbo tsvene inova nehutsi,” zvoreva kuti Murevereri abva pairi. Uye chero bedzi Gwayana richiri kumashure uko. . .Sezvandataura mangwanani ano, kana kune imwe nzvimbo kwandakanga ndichiparidza, kuti, chero bedzi Gwayana riripo kuti rireverere, pachine tsitsi. Asi tine chivimbo chipi, patinoona chitima chatove mubhuroko, patinoona Kuuya kwaShe, kuvaima kwechiedza?

<sup>161</sup> Ndaigona sei kutaura pamusoro pezvinhu zvakasiyana-siyana sekuziva kwatinoita kuti Akavimbisa kuita pano mumazuva ekupedzisira, uye tinozviona pamberi pedu chaipo. Uye zvakare tinoona chedu...chidzidzo ichi manheru ano, chechimwe chiedza chitsvuku chiri kuvaima, chezvekungoenderera pakati pemadzimai edu, nezvinhu maitiro avari kuita. Tinoona zvichinongedzera, chikwangwari chose—chose cherwendo, zvinhu zvose, tsono yose zvayo, kambasi yose, yakanyatsonanga nepaKuuya kwaKe. Tave kumagumo. Hapana chimwe chinhu chandinoziva chichaitika kunze kweKuuya kwaShe.

<sup>162</sup> Zvino zvadaro, shamwari yangu inodikanwa iri kunze kwaKristu, unofungei pamusoro peizvi? Wakangozorora here... Zvechokwadi, shamwari, ndinoda kukubvunza mubvunzo uri nyore. Wakangozorora here pane kamwe kakutekenyedzwa kawakawana, kana kuti chimwewo, zvichida, chimwe chinhu chawakava nacho? Zvichida wakambofara imwe nguva uye ndokutamba kwese-kwese ipapo, sevanhu vehutsvene vazhinji nemaPentekosti, nemaNazarene, nePilgrim Holiness. Vanotenda kuti kana vakafara zvakawana kuti vatambe, kuti ndiWo. Wobva wagera bvudzi rako, wopfeka zvikabudura? Ko Mweya Mutsvene ungakuita here kuti uite izvozvo, iWo uchizvipomera muBhaibheri?

<sup>163</sup> Ko imi munoti, “Zvinoka, ndiri wechechi. Ndiri muPentekosti. Ndiri muMethodist, kana chero zvandiri. Ndiri nhengo! Amai vangu inhengo yechechi. Ndanga ndiri nhengo yechechi”? Uye mweya wacho chaiwo uri pauri uri kukuita kuti uite zvinhu zvinopomerwa neBhaibheri iri ukazviita. Maona?

Unoti, “Ndakataura nendimi, Hama Branham. Zvino, usabatirire pane izvozvo. Ndakataura nendimi, uye ndicho chiratidzo cheMweya Mutsvene.” Kana hupenyu hwako... Kana uchiri kukwanisa kugera bvudzi rako, kana uchiri kuita zvinhu izvi zvinotaurwa neBhaibheri kuti usaite; unogona kutaura nendimi zuva rose nehushiku, uye nazvino hazvinei nehekuita naMwari. Muti unozivikanwa nemuchero wawo.

<sup>164</sup> Ndave kuchembera. Ndinozviziva izvozvo. Zuva roga-roga ndinowana marwadzo matsva pamwe nekudzimba. Mumwe nemumwe wedu anodaro. Ungatosva hako wataura chokwadi. Ndakafunga, “Mwari, musandirega...”

Chimwe chezvinhu zvinonyanyisa kusuwisa, kuona murume kana mudzimai asati ambogamuchira Kristu, uye achingorarama senhengo yechechi yekare yetsika dzisingashanduke, ane hutsinye kupfuura Satani pachake, uye womuona kunze uko, aine chimwe chinhu chekare chakakombama, “Zvinoka, ndinokuudzai, handitendi mune chero...” Mwari, musambofa... Ndiyo—ndiyo... Ndiyo korona yakaipisisa iyo Satani anogona kupfekedza hupenyu korona

nayo. Chembere ine hasha, ine makore angangoita 60 kana 70 ekuberekwa, ine mafuta akarembera pasi pemaoko ake, nemahwinya ari kwese-kwese pachiso chake, uye vhudzi rake rakagerwa, riri mumavara 4 kana 5 akasiyana, uye achizvikakanyadza akapfeka kachikabudura; kana ikoko kusiri kugadzwa korona naSatani, handisati ndakambozviona, kana imwe harahwa ine hasha.

<sup>165</sup> O Mwari, ndinoziva ini. . . Ndipeiwo nyasha dzekusambofa ndakanyunyuta. Uye ndinoda hupenyu hwangu, Ishe, ndinoda hupenyu hwevanhu vangu. . . Mwari, itai kuti hupenyu hwedu hugone kugadzwa korona, zvisinei kana tikatambudzika, chero chii chinoitika, kuti vangani vanondipandukira.

Ndinoziva chinhu chimwe chete ichi muhupenyu hwangu, pandiri kuwedzera kukwegura, shamwari dzangu, rwizi rwuri shure kwangu, rwuchapera nenguva isipi, rwuchitetepa nekutetepa, pandinodzika nemugwagwa. Uye ndinoziva chinhu chimwe chete, zvichaitika kuti mushure mechinguvana hapana achazouya kwandiri oti. . . ondibvunza zano. Avo vanondiziva mumazuva angu ehudiki vachange vatotungamira, kana ndichiri kurarama. Shamwari dzangu dzichawedzera kuva shoma neshoma, ndichiwedzera kukwegura zvino.

<sup>166</sup> Uye ndinoziva kuti rimwe zuva ndinofanirwa kufa. Ndinovimba kuti Mwari havazomborega Satani achindipfekedza korona semurume akwegura ane hasha, asina hanya, nemudzimai wangu iri chembere inonetsa, kana mudzimai wako, kana iwe saizvo. Ndinonamata, hama, kuti hupenyu hwedu hugadzwe korona yezvibereko zveMweya; rudo, mufaro, moyo murefu, hunyoro, kutsungirira, Chokwadi, kutenda, muMweya Mutsvene.

<sup>167</sup> Hupenyu hwangu huri kupera. Anenge makore 35 apfuura ndakamira papurupiti pano, semukomana mudiki. Manheru ano ndachembera, vhudzi rachena, uye ndava nemhanza, pfudzi riri kukombama; ndaparara. Hupenyu hwangu huri kupera, uye tambo dzandiri kufamba padziri dzave kudambuka zviri nyore. Pandiri kufamba ndichidzika nerwizi, shamwari dzangu dziri kuwedzera kushomeka. Uye mushure mechinguva zvichasvika panzvimbo, zvichida, pekuti handichazo—handichazofariri nziyo sezvandaisimboita; uye pamwe vazukuru vangu, vana vangu vachati, “Musavhundutsa sekuru.” Zvinogona kusvika pane izvozvo kana ndikarama.

<sup>168</sup> Zvino ndichasvika pekuti handichagona kusimuka ndichibva pachigaro changu. Zvino mamwe mangwanani mhute ichapinda mukamuri, ndichadana neruoko mhiri kwemuganhu, kurufu, kuti rwuuye kuzonditora. Rwunokwanisa bedzi kunditora neruoko rwonditungamirira kuenda kuna Tenzi wangu. Harwusi mushandisi wenhapwa kwandiri. Handisi nhapwa yarwo. Irwo ndirwo nhapwa yangu. Kristu

akandikundira rufu. Uye chinhu chimwe chete charwunogona kuita, kundidhonzero muHupo hweMusiki wangu, “Kana tabhenakeri ino yevhu yaparadzwa.”

<sup>169</sup> Panguva yekuti amai vava kuda kubara mwana, unocherechedza, handina basa kuti vanga vaine hutsinye hwakadii, uye kuti vakaipa zvakadii. Munoziva, nguva pfupi mwana iyeye asati azvarwa, amai vanova vanyoro. Sei zvakadaro? Kana tumhasuru itwotwo twuri mumimba iyoyo twuchigwinha-gwinha nekusvetuka-svetuka saizvozvo, pane mutumbi wekudenga wakaumirira. Uye kana abva pana amai vake, chiremba kana nyamukuta, chero ani zvake anotofanirwa kumusimudza nekumuvhundutsa, omurova kambama, omuzunza, kana chimwe chinhu, uye zvadaro anobata mweya wehupenyu. Zvino mweya mudiki wengirozi unouya maari, mweya wehupenyu, zvino unova munhu wemukati anorarama. Uye kana tina Kristu mumoyo medu, uye Kristu ova wamazvirokwazvo mumoyo medu, muचेचे mudiki. “Kana tabhenakeri ino yevhu yaparara. . .”

<sup>170</sup> Jesu akati, muna Johane 14. Mukuvhara, ndichataura izvi. Akati, “Mwoyo yenyu ngairege kunetseka; kana makatenda muna Mwari, tendai maNdiri. Nokuti, muHumambo hwaBaba vaNgu mune matabhenakeri mazhinji. Ndichaenda kunokugadzirirai pokugara.” Kana tabhenakeri ino yevhu yaparadzwa, tine imwe. “Ndichaenda kunokugadzirirai nzvimbo, kuti apo paNdiri, nemiwo mugovapo zvakare.” Tinoda kuva naYe.

<sup>171</sup> Zvino ndinoziva kuti mwana mudiki uyu paanenge achichemera kuzvarwa patsva kuri kuumbwa, kana humwe hupenyu hwese hwaparara, hupenyu hwese hwepanyika nezvose zvaenda, zvino zvinototora chimwe chinhu kundivhundutsa, uye zvinotora rufu. Rufu rwunokuvhundutsa, kana rwakurova, asi rwunongokubereka patsva muHumambo hutsva, mhiri kune rimwe divi kusina hurwere, kusuwa, kusina kuchembera, kana chimwe chinhu. Mwari vatibatsire.

<sup>172</sup> Ko, shamwari, ungamboramba sei chinhu chakadaro, tichiona kuti hapana tariro munyika, kunze kwaJesu Kristu? Zviedza zvitsvuku zviri kuvaima.

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,  
Zviratidzo zvakanotaurwa neBhaibheri;  
(Vakadzi vachigera vhudzi ravo, vachipfeka  
zvikaбудura, chiedza chitsvuku chakabaka,  
munoona.)

Mazuva eMarudzi ave kupera, akaremerwa  
nenhamo zhinji;  
“Dzokai, O vakapararira, kunyika yekwenyu.”

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,  
Moyo yevarume iri kukundika nekutya;

Zadzwai neMweya, ivai nemarambi enyu  
akagadzirwa uye akajeka,  
Tarisai kudenga! Rudzikinuro rwenyu rwave  
pedyo.

<sup>173</sup> NdinoMuda. Ndinoda kuti iwe muMude. Zvino tichikotamisa misoro yedu kwechinguvana, mushoko remunamato, mukuvhara. Zviedza zvitsvuku zviri kuvaima. Chiratidzo chabatidzwa. Kuuya kwaShe kwave pedyo. Ari kutaura kumarudzi. Ari kutaura kuvanhu. Ari kutaura kuburikidza nezviratidzo nezvishamiso. Sekutora kwataita Sodhoma uye tikaratidza kuti Mutumwa uya akauya sei kuna Abrahamama, zviratidzo zvaAkaita moto usati wadonha, tinozviona izvozvo.

<sup>174</sup> Akati, “Mumazuva aRoti, vakavaka, vakatengesesa.” Zvitarisei nhasi. “Uye semazuva aNoa,” madzimai vachiva nerunako, vanakomana vaMwari vachiwa, mitumbi yevanhu ichinamatwa muchimiro chevanhukadzi, nezvinhu zvose izvi zviri kuitika, zvatataura nezvazvo manheru ano. Chiedza chiri kuvaima, Kuuya kwaShe kwave pedyo. Uchingori nhengo yechechi here?

Une chokwadi here, shamwari yangu? Unoziva sei kuti uchararama nemuhusiku hwese? Tarisai Hama Way vamire pano mangwanani ano, muchinguvana, vachingotendeuka kuti vakwazisane maoko nemumwe munhu, vadonha vakafira chaipo pavanga vari. Mwari vanogona kusakuitira mutsa zvakanyanya wekukupamukama. Hauzive nguva icharova moyo iwoyo kekupedzisira. Pafunge ipapo.

<sup>175</sup> Kuuya kwaKristu kuri kuvaimisa zviratidzo zvako. Zvitarisei. Onai kana zvandakuudzai manheru ano... Zvinogona kusava nemukurumbira kwazvo, asi iChokwadi. Ndeizvo zvakataurwa naMwari, uye hepano patiri.

<sup>176</sup> Vakadzi havadi kugara kumba. Havadi kuchengeta mhuri dzavo. Vanongopa basa kuna neni voenda havo kupati kune imwe nzvimbo. Misikanzwa yevechidiki, zvinhu zvese zviri kuitika; vachigera vhudzi ravo, kupfeka zvikabudura, vachipenda kumeso. Kuwedzera kwacho kuri kuramba kuchiwedzera kunaka nekunaka. Varume, vanakomana vaMwari, vari kuwa. Muteyo wekuti Satani ahandise, vanakomana vaMwari kuti vawire mazviri. Sezvakataurwa naJesusu, zvinofanira kuitika. Akati zvichavapo, uye hezvinoi izvi. Akati, “Kana zvinhu izvi zvaitika, chizvarwa chino hachingatongopfuuri,” uye ari makore 40, “kusvikira zvinhu zvose izvi zvazadziswa.” Pafungei ipapo.

<sup>177</sup> Uchingori nhengo yechechi here? Wakakanganisa here? Tarisa ugoongorora hupenyu hwako, manheru ano, varume, madzimai. Zvitarise pachako, tarisa kukanganisa kwako iwe. Ko, muchinhanho chako chauri iye zvino, ko dai Kristu

aiva panyika achiparidza izvi? Unoti “Dai—dai Ainge, dai ndakaMunzwa achiparidza izvozvo, ndi—ndingadai ndakatendeuka.” Kana uchida, iRi iShoko raKe iYe manheru ano, uchazviita zvino. Kana usina Mwari, uye uchiziva . . .

<sup>178</sup> “Oo,” unoti, “Ndiri wechechi. Ndakataura nendimi. Ini—ini handi . . .” Zvino tiri kuisa izvozvo parutivi. Zvitarise pachako, ongorora hupenyu hwako zvino neShoko raMwari. Ndiwe here munhu uya wekubva uchienda uchiti, “Handina basa nezvinotaurwa neBhaibheri. Hama Branham, ndinofunga kuti muri kukanganisa”? Handisi ini ndakanganisa. Kana paine chakanganisika paZviri, IShoko.

Uye hausati waziva Mwari nazvino, uye hauna chokwadi kana Jesu achizouya panguva ino kuti ungave wakagadzirira kuenda. Uchimboitireiko zvekutamba, iwe uchiona rufu rwava pedyo kwazvo, iwe uchiona magumo ava pedyo?

<sup>179</sup> Kana paine mumwe pano, nemisoro yenyu yakakotamiswa zvino, angade kurangarirwa mumunamoto tichivhara, ungasimudza ruoko rwako here woti, “Hama, ndinamatireiwo.” Mwari vakuropafadzei, hanzvadzi. Mwari vakuropafadzei, hama, hanzvadzi. Oo, kwese-kwese muchivakwa.

<sup>180</sup> Ndizvozvo, ngatingotorai ongororo zvishoma zvino. Imi hanzvadzi zvino, nekutenda kwese kwakanaka netariro, chingofungai pamusoro peizvi. “Ndakanyatsoteerera Mwari here? Chaizvoizvo, chishuwo changu chiri papi? Hama Branham, ndi—ndi—ndi—ndichiri kuita zvinhu izvi. Ndi—ndinonzwa zvakana. Ndinonzwa kufara.”

Munoziva here kuti vahedheni vanonzwawo kufara saizvozvo? Munoziva, murume akadhakwa anongofarawo, adhakwa nedoro, sezvauri kungoitawo, runziro yedoro? Uye kana uchifara uri pasi pechimwe chinhu chinopesana neShoko raMwari, ndidhiyabhore. Kana ukati, “Ndakagutsikana muchechi yangu,” uye uchinzwa Shoko raMwari richiparidzwa, uye worega kuzvienzanisa naRo, wakafemerwa nechinhu chisiri icho, zvisinei kuti kufemerwa kwako kwakadii. Ndakavaona vachizhambatata, nekusvetuka nekudanidzira, ne—nezvose, uye vachinwa ropa kubva mudehenya remunhu, votodana pana dhiyabhore, ndizvozvo, vachingofarawo sezvaungaita iwe. Chihedheni chinobuditsa kushandisa pfungwa zvimwe chetezvo sechimwewo chinhu zvacho, zvekushandisa pfungwa. Asi chitiko chaKristu ndechemumoyo, chinoshandura chimiro chose, chinoshandura munhu kuva chisikwa chitsva. Pafunge ipapo, zvakasimba chaizvo.

<sup>181</sup> Zvitarise pachako. Ingofungidzira girazi riri pamberi pako, uchizvitarisa. “Ndakatendeka here? Ndakaperera here? Ko chaizvoizvo, mumoyo mangu, ndinoshumira Ishe here?”

<sup>182</sup> Iti, “NdinoRishumira.” Uye tarisai mukati, imi madzimai mune vhudzi rakagerwa, munopfeka zvikabudura. Tarisai imi

munoita zvinhu izvi. Tarisai imi varume munorega madzimai enyu vachizviita; woti, “Ndiri mwanakomana waMwari here ini? Ndiri wemuSodhoma here?” Imi madzimai munoti, “Ndiri mudzimai wechimanjemanje chaiye here, kana kuti ndiri chimwe chinhu chemunguva yemvura zhinji chakanzi naJesu chaizovapo mumazuva ekupedzisira zvakare?” Funga nezvazvo. Zvitarise iwe pachako.

<sup>183</sup> Unoona, hunhu hwako pachako pazvima hunoratidza zvauri. Maona? Uye kana usina kururama, ungatendeka zvakakwana here kungo...Iva wakatendeka zvino, simudza ruoko rwako, uti, “Kristu, handisi kusimudza ruoko rwangu kuna Hama Branham kana kune mumwe munhu kunze kweNyu, asi ndakakanganisa. Ndiregereriwo. Hama Branham vavimbisa kundinamatira, zvino ndichasimudza ruoko rwangu, iti, ‘Jesu, ndinzwirewo tsitsi manheru ano. Ndiponeseiwo nekuda kwaKristu. Handidi kurasika. Hupenyu hwese uhu hwaMakandipa, chingava chinhu chakanyanyisa kuipa kana ndi—kana ndikangohurasira kure, pandawana mukana yu wakanaka manheru ano wekuona nemaziso angu kuti zviiedza zvitsvuku zviri kuvaima kumativi ose; Kuuya kwaShe, vimbiso yekuti Acharatidza zviratidzo izvi, uye Aizopodza vanorwara, Aizomutsa vakafa, Aizodinga madhimoni; pachazova nevakawanda, asi...vangori vanhu vashoma, vangori vashomanani vanozosekwa nenyika, nekudana mazita akaipa, nezvimwe zvakadaro, saizvozvo.”

<sup>184</sup> Uye vanofanira kutidana mazita akaipa. Vanofanira kudana Chokwadi mazita akaipa. Jesu akati, “Ani naani anotaura shoko rimwe chete achipesana neMwanakomana wemunhu, achazviregererwa, kana Iye achiita chinhu chimwe chete chamunoona chichiitwa.” Akati, “Asi ani naani anotaura achipesana neMweya Mutsvene, kana Wauya kuzoita zvimwe chetezvo, haazomboregererwa munyika ino.” Munoona, vanofanira kuita izvozvo. Panofanira kuva neMharidzo yakadaro, kuita kuti vanhu vaite dambe naYo, kuratidza kutonga kwakarurama kwaMwari kwakupomera nyika yose nokuiparadza.

<sup>185</sup> Pachiine tsitsi uye nemumwe munhu akamira pamukaha, Jesu Kristu, nemusuwo wakazaruka manheru ano, haungaMugamuchire here, shamwari yangu?

<sup>186</sup> Zvino, setsika, kuuya kuartari. Zvakanaka. Handina chandinopesana nazvo. Asi Gwaro, Rakati, “Vose zvavo vakatenda vakabhabhatidzwa.” Kubva pamoyo wako wose, kana ukapira hupenyu hwako kuna Jesu Kristu ipapo chaipo paugere, chaipo paAtura newe pawasimudza ruoko rwako!

<sup>187</sup> Mwari mumwe chete iyeye akwanisa kudana murume yu kuti adzoke kuhupenyu, ange arere afa pamberi pangu chaipo mangwanani ano, kusimbisa kwamuri kuti ndiri kukuudzai

Chokwadi. Ndiani anogona kumutsa vakafa kunze kwaMwari? Ndizvozvwo. Saka haasi mufundisi wenyu—wenyu muduku akarukutika pano, ndiKristu anokudai. Uye Ari kutaura kwamuri manheru ano, “Manzwa Chokwadi. Maona Chokwadi. Chinobva muShoko raNgu. Maona Shoko raNgu richidana. Munoono Shoko raNgu richifanotaura zvinhu izvi. Munozviona zvichiitika chaizvoizvo nemumakore ose aya, pasina kana kukundika kumwe chete.”

<sup>188</sup> Zvino uchaita sei naJesu, chiedza chitsvuku chichivaima? Wadii kuita izvi, kandira pasi pakiti rekare renzungu dzemunyika! Wadii wakandira pasi magazini rekare re*True Story*, netsvina iyoyo yekare—yekare yauri kudhonzera mweya wako mairi zuva nezuva! Wadii kusundira terevhizheni iyoyo mukona waitendeudza, kana iri kukutadzisa kuenda kucheche! Wadii waisa parutivi zvose zvinorema zvinokuvhiringidza zviri nyore! Wadii kusimudza moyo wako kuna Kristu, woti, “Kristu, manheru ano ndapedza. Ndiri kugadzirira. Ndiri kuona kuti Muri kuuya. Ndiri kunhonga sutukesi, Bhaibheri raMwari, rakadzwa mariri neHupenyu Husingaperi, uye, kubva zvino zvichienda mberi, ndicharama kubva pane iRi!” Haungadaro here, tichinamata?

<sup>189</sup> Baba vedu veKudenga, ndisingarevere kuva ndinovirima, nenzira ipi zvayo, Ishe. Asi Mharidzo yakanongedzera kunguva, kwete kuvanhu sedungamunhu, kwete kune mumwe munhu, asi yakanongedzera kunguva. Inguva iyo Mweya Mutsvene waita sekundimanikidza kuti ndizvitepe izvi. Sezvatakaita kakawanda, kwazvo papurupiti pano, kuti takaratidza mazuva aRoti, mazuva eSodhoma, mazuva akataurwa nezvawo naJesu, zviratidzo zvenguva, kuuya kwaShe, nenzira zhinji. Uyezve mushure mazvose zvandataura zvakasimba kwazvo ndichipikisana nemadzimai ezuva rino kupota nemunyika yese, zvino, Baba, ndafunga kuti ungava Mweya Mutsvene uri kutaura kwandiri kuti ndiudze vanhu kuti sei ndaita izvi. Imhaka yekuti Shoko reNyu rakafemerwa rabaya pamoyo wangu, kusvika ndatadza kunyarara.

<sup>190</sup> Mamwe maoko angada kusvika 50 kana 75 muchivakwa asimudzwa, Baba, paShoko raShe rakakwasharara, rinocheka. Asi Ravasvitsa pakuvhundutsa, kuvazivisa kuti pembe iri kurira; vatsvene vose vari kuungana pamwe chete; nyika dziri kuparara; zviratidzo zveKuuya; zvienda zvitsvuku zviri kuvaima. Uye tinoona, nezviito, zvanongedzera kuvakadzi vedu manheru ano vezuva rino, kuti nzira iyo Bhaibheri rakati vaizove, zvino hevanoi vari pano.

<sup>191</sup> Inzwi raJesu Kristu risingakundiye rakatiyambira kuti titarise mazuva aNoa uye torienzanisa nezuva ratiri kurarama. Uye zvakare kana toona zvinhu izvozvwo zvichiitika, madzimai achiva nerunako, uye vanakomana vaMwari vachivatora, uye kuti zvinhu izvi zvaizova zvakadii, zvino tinoziva kuti chizvarwa

ichocho chaizoonza Kuuya kwaShe. Zvadaro, tinoziva chiedo chiri kuvaima, kuuya kwaKe kwave pedyo.

<sup>192</sup> Ndinonamata, Baba voKudenga, kuti Mugoropafadza mumwe nemumwe asimudza ruoko rwake. Nda—ndangopa munamato uno wakaninipa, wakaperera, uye ndinoziva kuti Muchandinzwa. Mava nemutsa kwazvo kuna Hama Way mangwanani ano, kuita kuti munamato mudiki wakaninipa utange kuti moyo iwoyo urove zvakare, rudo rwakaperera kuhama yanga yawira pamakumbo emudzimai wayo, muviri watonhora uye wafa. Ishe, vanhu ngavazive manheru ano kuti kufa muchivi nekudarika kune njodzi huru pane kufa rufu rwepanyama; nokuti hapana anogona kukubata panguva iyoyo, kana wapfuura seri kwechidzitiro, uri muzvivi nokudarika.

Itai manheru ano, Ishe, kuti, mweya wose wasimudza maoko awo; ndinopa munamato uyu muZita raIshe Jesu; kuti pave neshanduko huru muhupenyu hwavo, kuti pave nechinangwa chakadaro mumoyo mavo, chinangwa ichocho mumoyo mavo chekuti havazotadzira Mwari zvakare; kuti vachamira, kubva panguva ino zvichienda mberi, paShoko raMwari reKusingaperi, rakaropafadzwa uye vopihwa chikafu neMweya Mutsvene waVo, uye votungamirirwa munzira dzeHupenyu, zuva nezuva, pavari kufamba kubva panguva ino, zvichienda mberi.

<sup>193</sup> Zvino, Baba veKudenga, ndinogona kusazovaona, ndinogona kuzotadza kukwazisa ruoko rwavo rwepanyama pano munyika ino, kunyange zvazvo ndingada kuzviita. Asi, Ishe Mwari, ndinonamata kuti munamato uno ugopindurwa. Uye Makataura muShoko reNyu, “Uyo anonzwa Shoko raNgu, uye achitenda kuna Iye akaNdituma, ane Hupenyu Husingaperi; uye haazouyi muKutongwa, asi abva murufu achipinda muHupenyu.” Nenzira yangu yakaninipa yekuunza Chokwadi chaMwari, manheru ano, vazhinji vanzwa Shoko. Zvino, Makavimbisa kuti Muchavaponesa, uye ivo “havazoparari,” kuti, hapana munhu anokwanisa kuvabvisa muruwoko rweNyu, kuti Muchavamutsa mumazuva ekupedzisira, hapana kana vhudzi rimwe chete remusoro wavo richaparara. Makazvivimbisa.

<sup>194</sup> Zvino, semunamato, semuranda, Ishe, uye sehama kwa—kwavari, ndi—ndinonyengerera munamato uyu ndovaisa mumako aMwari, kuti pasave kana chinhu chimwe zvacho chakaipa chichazombokwanisa kuuya kwavari, uye Satani haazovabvisa kubva muruoko rwaMwari. NdeveNyu, mikombe. Uye ndinovimba kuti Muchavapa hupenyu hwakareba, uye kana zvichibvira, itai kuti vaone Kuuya kwaIshe Jesu. Dai vakaenda vachibva pano manheru ano, uye kuti vave vanounza mweya kuruponeso, kunoudza vamwe, kuvaunza kuzivo inoponesa yaKristu. Zviiteiwo. Zvose zviri mumaoko eNyu, Baba. NemuZita raJesu Kristu.

<sup>195</sup> Zvino takakotamisa misoro yedu kwechinguvana. Handizive kana munhu akadaro aripo iye zvino, anonzwa kuti patanga tiri mumunamato kuti—kuti chimwe chinhu chisina kujairika chaitika mumoyo mako, uye uchinzwa kuti kubva zvino zvichienda mberi kuti uchararama hupenyu hwakayereswa kuna Kristu, uye unooka Kuuya kwaShe kwave pedyo, unotenda kuti zvandaparidza zvanga zviri Chokwadi, nezvechiedza chitsvuku ichi chiri kuvaima, nemamiriro akaita zvinhu. Uye—uye unonzwisisa kuti iShoko raShe, nekuti ndiKristu, uye unotenda, kubva manheru ano zvichienda mberi, uchararama hupenyu huri nani, huri pedyo kwazvo naKristu, nekuda kwemunamato wawanamata manheru ano nekureurura kwawakaita. Uye nemusoro wako wakakotamiswa, chingosimudza ruoko rwako, woti, “Ndinovhitenda. Kubva manheru ano zvichienda mberi, ndichararama hupenyu hwakasiyana.” Mwari vakuropafadzei. Zvakana. Zvakatongonakisa. Ndinotenda kuti munhu wese, zvichida, vasimudza ruoko rwavo nguva yapfuura, vasimudza maoko avo kuti vazvigamuchira.

<sup>196</sup> Zvino kana usati wambobhabhatidzwa muZita raJesu Kristu kuti uregererwe zvivi zvako, rangarira, “Hakuna rimwe zita pasi peDenga rakapihwa pakati pevanhu raunofanira kuponeswa naro, kunze kweZita raJesu Kristu.” Rangarirai, kune Mwenga mumwe chete, Mwenga waKristu, uye unotakura Zita raKe.

<sup>197</sup> Zvino, uye kana usati wambobhabhatidzwa nekunyudzwa mumvura, muZita raJesu Kristu, regai ini semuranda waKe. . . Kana Mwari vakaratidza kwauri nezviratidzo nezvishamiso, uye neShoko raVo, kuti ndinotaura Chokwadi; ndinokuraira sezvakaita Mutsvene Pauro, muna Mabasa 19, akawana boka remamwe maBaptisti. Vakanga vabhabhatidzwa naJohane Mubhabhatidzi. Akati, “Makagamuchira Mweya Mutsvene here kubva zvamakaita?”

Vakati, “Tinoziva . . . kana kutombori neMweya Mutsvene.”

Akati, “Zvino makabhabhatidzwa sei?”

Vakati, “Takabhabhatidzwa kare, naJohane Mubhabhatidzi, kunze uko muJorodhani, murume mumwe chete akabhabhatidza Jesu Kristu.”

<sup>198</sup> Rwaizova rubhabhatidzo rwunoshamisa, asi Pauro akati, “Harwuchabatsiri zvino.” Akavaraira kuti vanofanira kubhabhatidzawzve zvakare, muZita raJesu Kristu, Mabasa 19:5.

Zvino Pauro akati, “Kana mumwe Mutumwa akaburuka kubva Kudenga akaparidza rimwe vhangeri kunze kweiRi randakaparidza, ngaave akatukwa,” VaGaratia 1:8. Zvino akazvidzokorora zvakare, ndokuti, “Sekutaura kwandaita, ndinovitaura zvakare. ‘Kunyange Ngirozi,’” ko kuzotiwo mushumiri zvake, mubhishopi, papa, kana chero zvaangava,

“kana Ngirozi ikaburuka kubva Kudenga, ke—Kerubhi kubva kuMatenga, uye yoparidza rimwe vhangeri kunze kwaiRoro, ngaive yakatukwa.”

Zvino, ndinokurairai, kana musati mabhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, mvura ichiri muchidziva, uye nguwo dzakamirira, huyai mubhabhatidzwe, “Muchidana paZita raShe, muchagamuchira chipo cheMweya Mutsvene; nokuti vimbiso ndeyenyu nekuvana venyu, neavo vari kure, kunyangwe navose vachazodanwa naIshe Mwari wedu.”

<sup>199</sup> Baba vedu veKudenga, zvino zviri kwaMuri. Kunyengetedza vanhu, ndinoedza; asi kuvaita vanhu, handikwanise. Uye haMushande muchipesana nekuda kwemunhu; nokuti, kana murume kana mudzimai akafanotemerwa kuHupenyu Husingaperi, Chiedza chaMwari pachinovheneka pamusoro pembeu iyoyo, inoyu kuHupenyu. Uye kana paine Hupenyu pakati pedu manheru ano, Baba, hwaMavhenekera Chiedza cheNyu pahuri, uye vakaona Chokwadi, dai vakafamba mukuzvininipisa nemukutapira kuenda kuchidziva, kuti vabhabhatidzwe muZita reMwanakomana weNyu anodikanwa, Jesu Kristu.

<sup>200</sup> Izvo, zvatinoziva kuti munhu wese ari muMagwaro akatozobhabhatidzwa, uye nekubhabhatidzwezve. Avo vaive vasina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, vakatobhabhatidzwezve. Nemuapostora mukuru, uyo aiva nemakiyi ekuHumambo, akati paZuva rePentekosti, “Tendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe muZita raJesu Kristu kuti muregererwe zvivi zvenyu, kuti zvivi zvenyu zvigoregererwa, uye ipapo chipikirwa cheMweya Mutsvene ndechenyu.” Itai kuti zviitwe manheru ano, muchiyero chakakwana, Baba.

<sup>201</sup> Ndinovakumikidza kwaMuri zvino. “Torai mashoko mashoma aya nemufungo wemoyo wangu, uye dai zvikagamuchirwa pamberi peNyu, O Ishe.” Uye musimbise pavana veNyu, uye mugovapa Hupenyu Husingaperi. Ponesai vose vanoponeseka, uye podzai avo vanorwara. Nyasha dzaMwari ngadzive pamusoro pemumwe nemumwe wavo, tichivakumikidza kwaMuri zvino, muZita raJesu.

<sup>202</sup> Zvino takakotamisa misoro yedu, ndichakumbira hanzvadzi yedu inoridza piyano kuti iuye pano. Mirai zivishoma, maminiti angangoita 5 chete. Uye kana paine anoshuvira kubhabhatidzwa iye zvino, anenge areurura uye achitenda. Kana uchitenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, uye uchizvitenda nemoyo wako wese, kwete kungo—kungova nemanyawi chete, asi uchizvitenda, uye wagadzirira kureurura kuti wakakanganisa; uye usina kumira pakukodzera kwako iwe, asi pane zvaakaita Iye; uye wagadzirira kufamba uchiuya mberi, kuzatora Zita raKe murubhabhatidzo mumvura, wova nhengo yeMutumbi

kubudikidza neMweya Mutsvene; zvino, kamuri yemadzimai iri kurudyi rwangu, uye kamuri yevaramu iri kuruboshwe rwangu, mune nguwo nezvimwe zvakagadzirira.

<sup>203</sup> Tichikotamisa misoro yedu, apo hanzvadzi yedu ichiridza, “Ndinonzwa Muponesi wangu achidana,” kana muimbisi wenziyo akatipawo kashoko kadiki karwo irworwo. Nemisoro yedu yakakotamiswa zvino, shumiro iri muruoko rwaMwari Samasimba zvino; kune chero uyo anoda kubhabhatidzwa; anoda kupinda mumakamuri ekunamatira kuti anamatire rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, kune varairidzi pano vachange vakagadzirira kudzidzisa kana kuita chero chinhu. Dai Mashoko arega kushaya basa, asi dai azadzisa chinangwa chawo. Takakotamisa misoro yedu, ngatinamatei zvino. Uye, uye kwaAnokutungamira, tevera.

... ndinonzwa wangu...

Zvino namata, Mukristu wese.

Ini... Muponesi wangu...

WaMunzwa achidana here, paAmutsa munhu akafa mangwanani ano? UngaMunzwa here achidana, paanenge ari muShoko, achivaimisa Zviedza zvaKe panguva yekupedzisira?

Ndichaenda naYe, naYe...

Unoda here kuenda nzira yose?

Uko iYe...

Mwari vakuropafadzei, hama yangu. Varume kuruboshwe, madzimai kurudyi.

... Anonditungamira ndichatevera,

KwaAnotungamira...

Bhaibheri rakati, “Vose vakatenda vakabhabhatidzwa.”

... tevera,

Ndichaenda naYe, naYe nzira yose.

Ndichaenda naYe nemubindu,

Ndichaenda naYe nemu... (Mweya Mutsvene...?)

... naYe nemu...

Kana mumwe munhu akaenda nemadzimai kuno uku, vari kutsvaga Mweya Mutsvene, pindai mukamuri iri kurudyi, vamwe venyu imi hanzvadzi vakadzidziswa munaShe.

... nzira yose.

KwaAnotungamira...

Unogona kutaura here zvechokwadi kuti, “KwaAnonditungamirira ndichatevera”? Uchazviita here? Panotaura Inzwi diki riya kwauri, ucha—ucha—uchaenda here kwaAnotungamira? Tarisai chiedza chitsvuku. Munoono chiedza chichivaima? Tave panguva yekuguma.

...Anonditungamira ndichatevera,  
Ndicha...naYe nzira yose.

Ndiri kunzwa...

Anotaura sei? Kubudikidza neShoko raKe, mumoyo mako. Ungauyayo here iko zvino? Ino ikokero yako. Rangarira, kana zvikaitika tisati tauya pamwe chete zvakare, wayambirwa.

...kunzwa Muponesi wangu achidana,  
“Tora muchinjikwa wako, ugotevera,  
uNditevere.”

Uko...

Zvino dzimwe hama dzingaendawo here, kunoraira, mukamuri iri kuruboshwe rwangu, nehama dziri kugadzirira kubhabhatidzwa?

KwaAnotungamira... (Dzimwe hama  
dzinoshumira dziri pano...?...pindai  
mukamuri pamwe navo)...teverai,  
KwaAnonditungamirira, ndi... (Uri  
kunyatsozvirevesa here?)...tevera,  
Ndichaenda naYe, naYe nzira yose.

<sup>204</sup> Zvino, mirai zvishoma. Zvino, kana usati wabhabhatidzwa mumvura, nekunyudzwa muZita raIshe Jesu Kristu. Achingova madunhurirwa chete, “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene,” hapana kumbobvira pakava nemunhu muBhaibheri rose, hapana kana munhu 1, akambobhabhatidzwa muBhaibheri, muZita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” mudunhurirwa iroro. Hapana munhu akambobhabhatidzwa muchechi, munhorondo, kwemakore 300 ekutanga kudivi rino, munhu wese akabhabhatidzwa muZita raIshe Jesu Kristu, kusvikira paKanzuru yeNicaea kuNicaea, Rome, uko chechi yeRoma Katorike yakaitwa sangano, zvino vakatsiva nemadunhurirwa ekuti “Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene.”

<sup>205</sup> Kana paine munzveri wenhorondo, mushumiri, mumwewo munhu, ari pamhepo, mutepi, anogona kuburitsa Gwaro rimwe kana kachidimbu kamwe kenhorondo, apo mumwe munhu akabhabhatidzwa neimwewo nzira kunze kweZita raJesu Kristu, kusvikira chechi yeRoma Katorike paNicaea, Rome, wakasungirwa kuzviunza kwandiri, ndigokumbira ruregerero. Hakuna chinhu chakadaro. Kwete. Uye munhu wese akabhabhatidzwa nekunyudzwa, asina kubhabhatidzwa muZita raJesu Kristu, akarairwa, vasati vapinda muKubwinya, kuti vadzoke vabhabhatidzweze zvakare. Zvino zvava kwauri.

<sup>206</sup> Hapana Gwaro muBhaibheri, pane vamwe vanhu vakabhabhatidzwa, vachishandisa zita ra “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” sekubhabhatidza kunoitwa vanhu nhasi. NdezvechiKatorike, chitendwa cheRoma Katorike


chakapfuudzwa nemuna Martin Luther, naJohn Wesley, ndokuramba chichienda mberi. Uye Bhaibheri rinofanotaura kuti zvaizova saizvozvo, uye zvaizonoperera mumazuva ekupedzisira, uye musuwo waizozaruka, sezvatichangobva kupfuura nemumazera echechi kuti tizvione.

<sup>207</sup> Zviri kwauri. Ndinongovawo mutumwa weMharidzo. Kamwe chete zvakare, ngatizvitendei. Masuwo akazaruka. Chidziva chekubhabhatidzira chakazara, uye hapana chikonzero... Pane nguwo dzakagadzirira, uye tichange tagadzirira kubhabhatidza mumaminiti mashoma anotevera.

<sup>208</sup> Kana uri pano uye usati wabhabhatidzwa, kamwe chete zvakare ngatiimbei, zvino uuye, haungadaro here? Zadzisa...

<sup>209</sup> Unoti, “Ndiri kuronga kuzozviita rimwe zuva, Hama Branham.” Rimwe zuva iroro rinogona kusangana newe sezvaraita Hama Way mangwanani ano, asi pamwe pasina nyasha dzinozvitevera, sezvazvaita. Unogona kuenda chero nguva. Kunyange uri wechidiki, kana ukararama husiku hwese, ucha... Uye kana uine makore 70 ekuberekwa, uchararama kupfuura vanhu vakawanda vane makore 10, ne 15, 30 ekuberekwa. Zviuru zvavo vachafa husiku huno. Ndizvozvo. Hauzive pauchaenda.

<sup>210</sup> Iva nechokwadi. Usaite dambe pane izvozvo. Ingorangarira, unogona kuita dambe nebasa rako, kana kuita dambe *neizvi*, asi usaite dambe pane izvozvo. Rangarira, inzwi rangu richange riri chapupu patepi yaMwari yemagnetini paZuva reKutongwa, richipesana nazvo.

<sup>211</sup> Saka zvino pafunge ipapo, patiri kuimba zvakare nemisoro yedu yakakotamiswa. “KwaAno...” Hama Neville. “. . . ndichatevera.” 

63-0623E Chiedza Chitsvuku Chiri  
Kuvaima Chechiratidzo CheKuuya KwaKe  
Branham Tabhenakeri  
Jeffersonville, Indiana U.S.A.

SHONA

©2026 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)